СЕРИЯ 2:7

# АЛТЫНШЫ КУРС



***«Онда тамыр жайып ҳәм тикленип, өзлериңиз үйренгендей, исенимде беккемленип барыңлар ҳәм Қудайға сансыз шүкирлик билдириңлер»***
***Колос. 2:7***

Жәмәәттиң қатардағы ағзаларына арналған оқыў бағдарламасы

# 2:7 СЕРИЯ 6-КУРС

## Мазмуны


**МАҒЛЫЎМАТТЫ ҮЙРЕНИЎ КҮНДЕЛИГИ ............................ 3**

**1-САБАҚ**

Бесинши курстың мақсетлерин көзден өткериў ................................... 5

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - биринши ҳәпте ........... 6

Бул курстағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилиси ........................................................................................... 6

«Қол» сүўретлемеси ........................................................................ 7

Ўақты-ўақты руўхый тексериў ............................................................. 8

**2-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - екинши ҳәпте ............. 11

**3-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - үшинши ҳәпте ........... 13

Мухаддес Жазыўды ядлап алыўда өзин-өзи тексериў ............................ 14

**4-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - төртинши ҳәпте ......... 16

**5-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - бесинши ҳәпте .......... 18

Оқыўды үйрениў-даналықтың белгиси ................................................. 18

**6-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - алтыншы ҳәпте ......... 22

Дуўа етиў дизимин пайдаланыў ............................................................ 22

**7-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - жетинши ҳәпте ......... 26

**8-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - сегизинши ҳәпте ...... 28

Мухаддес Жазыў үстинде ойланыў әдетке кириўи керек .................... 28

**9-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - тоғызыншы ҳәпте ........ 32
Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиндеги ҳәмме алпыс аятты қалай қайталаўға ҳәм цитаталап айтып бериўге болады ........ 33

**10-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - оныншы ҳәпте ............. 34
Мухаддес Китапты үйрениў бойынша танысыў сабағы ........................ 35
Топарда танысыў сабағын қалай өткеремиз: бес этап ........................... 35
Танысыў сабақларында пайдаланыў ушын берилген мағлыўмат ........... 47
«Ийса Масих деген ким?» бабынан үзинди .............................................. 48
«Ийса Масихтың мийнети» бабынан үзинди .......................................... 49
«Масихтағы мәңгилик өмир» бабынан үзинди ...................................... 50
Танысыў сабағына усынылған жоба ....................................................... 51

**11-САБАҚ**
Аятларды ядлап алыў тәжирийбесиниң раўажланыўы ............................ 54

**12-САБАҚ**
6-курс жуўмақланды. Оннан кейин не? .......................................... 58
«Оқыўшылықта өсиў», оқыўшылық этапы, 6 китап ................................ 60
Шәкирт болыў деген нени билдиреди? ..................................................... 61
Садық хызметши ......................................................................................... 67
Масихты табыўына басқаларға жәрдем бериў ......................................... 74
Баслағанды таслап кетпеў ........................................................................... 81
Дүньяның жағдайы ....................................................................................... 86

**ОҚЫЎ УШЫН ПАЙДАЛЫ БОЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**

**Оннан кейингиси**
«Ийса Масихтың туўылыўы»
Мухаддес Китапты оқығанда жазылатуғын күнделик
Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги
Дуўа еткенге жуўапларды жазатуғын бетлер

## Мағлыўматларды үйрениў күнделиги

Топардағы досларыңыздан бул курстағы ўазыйпаларды қалай орынлап атырғаныңызды тексериўин ҳәм ҳәр бир қатарға күнин ҳәм қолын қойыўын сораң.

## МУХАДДЕС ЖАЗЫЎДЫ ЯДЛАП АЛЫЎ ҚОЛЫ КҮН

***Масихқа уқсаў***, Ядлап алыўдың тематикалық дүзилиси,
Ядлап алыў ушын Д 1-12 дейинги аятлар:

| | ҚОЛЫ | КҮН |
|---|---|---|
| «Сүйиспеншилик» - Юхан. 13:34-35 | | |
| «Сүйиспеншилик» - Юханның 1-х 3:18 | | |
| «Бойсыныў» - Филип 2:3-4 | | |
| «Бойсыныў» - Петрдиң 1-х 5:5-6 | | |
| «Пәклик» - Ефес 5:3 | | |
| «Пәклик» - Петрдиң 1-х 2:11 | | |
| «Ҳадаллық» - Лебилер 19:11 | | |
| «Ҳадаллық» - Елшилер 24:16 | | |
| «Исеним» - Еврей 11:16 | | |
| «Исеним» - Рим 4:20-21 | | |
| «Жақсы ислер» - Галат 6:9-10 | | |
| «Жақсы ислер» - Матта 5:16 | | |
| Д 1-12, «Масихқа уқсаў» темасындағы ҳәмме аятларды цитаталап айтып бердим. | | |
| 14-күн аралығында В 1-12 (4-курс), «Қудайға исениң» ҳәм Г 1-12 (5-курс) «Масихтың шәкирти болың» темасындағы ҳәмме аятларды қайталадым. | | |
| Б 1-12 (3-курс), «Масих ҳаққында Хош Хабар айтың» темасындағы ҳәмме аятларды цитаталап айтып бердим. | | |
| «Жаңа өмир менен жасаң» темасындағы ҳәмме аятларды, А 1-12 - ни цитаталап айтып бердим (2 курс) | | |
| «Масих пенен бирге баслаў» (1-курс) темасындағы ҳәмме аятларды цитаталап айтып бердим. | | |
| 15-беттеги Өзин-өзи тексериўди орынладым. | | |
| Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиндеги ҳәмме алпыс аятты цитаталап айтып бердим. | | |

## ҚУДАЙ МЕНЕН ЖАЛҒЫЗ ҚАЛЫЎ ЎАҚТЫ

| | | |
|---|---|---|
| 14 күн даўамында Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти алып бардым. | | |

## ГУЎАЛЫҚ

| | | |
|---|---|---|
| Жеке гуўалық ямаса көпир сүўретлемесиниң жәрдеми менен исенбеўшилер менен исенимимди бөлистим ҳәм сабақта нәтийжеси ҳаққында айтып бердим. | | |

## МУХАДДЕС КИТАПТЫ ҮЙРЕНИЎ - «ОҚЫЎШЫЛЫҚТА ӨСИЎ»

(«Оқыўшылықтың этапы» 6-китап)

| | | |
|---|---|---|
| 1-бап-«Шәкирт болыў деген нени билдиреди?» | | |
| 2-бап-«Садық хызметши» | | |
| 3-бап-«Басқалардың Масихты табыўына жәрдем бериў» | | |
| 4-бап-«Басланғанды таслап кетпеў» | | |
| 5-бап-«Дүньяның жағдайы» | | |

## БАСҚАЛАРЫ

| | | |
|---|---|---|
| Руўхый тексериўди өткериў (9-бет) | | |
| Оқыўды үйрениўдиң раўажланыўы бойынша шынығыўларды орынладым (20-бет) | | |
| Еки ҳәпте аралығында дуўа етиў бетлерин пайдаландым | | |
| Мухаддес Жазыў үстинде ойланыў бойынша шынығыўды орынладым | | |
| Күндизги дуўа етиўди өткердим | | |

## ЖЕТЕКШИНИҢ БАҲАСЫ

| | | |
|---|---|---|
| Алтыншы курсты питкердим | | |

# 1-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. *Бесинши курстың мақсетлерин көзден өткериў* бөлимин қарап шығың.
2. *Мағлыўматларды үйрениў күнделигине* қарап 6-курс пенен танысың (5-6 бет).
3. Мухаддес Жазыўда ядлап алыў ушын нәсият - биринши ҳәптени оқың ҳәм талқылаң (8 б).
4. Сиз бул курста қолланатуғын Мухаддес Китапты үйрениў бойынша мағлыўматтың - «Оқыўшылықта өсиў» бөлимин қарап шығың (56-85 бет), 56-беттеги *кирисиў параграфын* даўыслап оқың.
5. *«Қол» сүўретлемесин* қысқа талқылаң (9-бет).
6. Руўхый тексериўди өз ўақтында өткериў бойынша тапсырманы орынлаң ҳәм талқылаң (9-бет).
7. *2-сабаққа тапсырманы* оқың (10-11 бет).
8. 2-сабақ ушын Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

### *Бесинши курстың мақсетлерин көзден өткериў*

Бесинши курстың мақсети:

1. Қудай менен жалғыз қалыў ўақтын жемисли ҳәм өз ўақтында өткериўди даўам етиў...
   а) Мухаддес Китапты ойланып оқыўды дуўа етиў менен байланыстырыў.
   б) Изли-изинен 14 күн аралығында өз пикирин жазыў.
2. «Масих пенен бирге баслаў» темасы бойынша 5 ядланған аятты ҳәм Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын тематикалық дүзилисиниң биринши 36 аятын (А-В-серия) қайталаў.
3. Ядлап алыў ушын тематикалық дүзилисиндеги «Масихтың шәкирти болың» Д сериясындағы аятларды ядлаң.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар дүзип «Исенимниң негизи» (оқыўшылық этапы, 5-китап) темасы бойынша материалды талқылаң ҳәм қайта ислең. (Ҳәр бир қатнасыўшыға кишкене топарларда Мухаддес Китапты талқылаў өткериўде тәжирийбе алыўына мүмкиншилик болды).
5. Көпир сүўретлемеси ямаса жеке гуўалығының жәрдеми менен исенбеўшилер менен исеними ҳаққында бөлисиў ҳәм топарда нәтийжеси ҳаққында айтып бериў.
6. Жеке күнделикти жүргизиўди ҳәм дуўа етиў бетлерин пайдаланыўды баслаў.

7. Күниге ҳәм ҳәптесине жобалар дүзиў бойынша мағлыўиматларды үйрениў, избе-из жети күн даўамында күнделикли жумыслар дизимин пайдаланыў.
8. Түсиниў ушын сораўларды дүзиўди ҳәм Мухаддес Китапты үйрениў бойынша сабақлар ушын қолланыўды үйрениў.

### *Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - биринши ҳәпте*

***Масихқа уқсаў.***
Қудай ҳәр бир исениўшиниң Масихқа уқсағанын қәлейди. Солай болса да, бизлердиң көпшилигимиз дүньяның тәсирин бастан кеширип, Мухаддес Китап тийкарларынан бас тартып, дүньяға уқсап баслаймыз. Соның ушын бизлердиң Масихтың майданындағы мийнетимиз гейде жеткиликсиз жемисли болыўы ҳайран қаларлы емес. Басқа адамлар Ийсаны тек бизлерде көре алған жағдайда ғана қосылыўды қәлейди. Деген менен Масихқа уқсаў тек үстиртин болмаўы керек, өзгерис иштен болыўы керек. Бизлер Мухаддес Жазыў үстинде ойлап ҳәм оны ойымызға толтырған ўақтымызда, ол бизлердиң шешим ҳәм үйрениўимизге тәсир етеди ҳәм бизлерден жаңа тийкар дөретеди. Д сериясында сизге бул қалай болатуғынын жақсы түсиниў ушын жәрдем беретуғын он еки үзиндини ядлаўға туўра келеди.

***Ядлап алыў ушын аятларды таңлаў.***
Сиз Мухаддес Китапты оқығаныңызда ямаса ўаз тыңлаған ўақтыңызда қандай да бир аятлар сизге айрықша қызықлы көринип ҳәм сиз оларды ядлағыңыз келиўи мүмкин. Усындай аятларды бир бөлек бетке силтемелерин, ўақты менен бирге олардың гилтли гәпин жазың. Солай етип, ўақты менен сизде алтыншы курсты питкергеннен кейин ядлап алыў ушын аятларды таңлаўға болатуғын толық дизими болады. Соның менен бирге, сизлерге 2:7 серия бойынша таярланып үйренген Мухаддес Жазыўды ядлап алыў принциплерин қайталаў пайдалы болады. Бул принциплердиң қысқаша жуўмағы бул курстың 50-51-бетлеринде келтирилген.

***Өзин-өзи тексериў.***
3-сабақтағы өзин-өзи тексериў 5 ҳәм 6-курстағы ядлап алыў мағлыўматы бойынша сораўларды қурайды.

### *Бул курста Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилиси*

Усы курста сизге Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң соңғы он еки аятын ядлаўыңызға туўра келеди:

***Д- «Масихқа уқсаң»***

| | | |
|---|---|---|
| Сүйиспеншилик | Юхан 13:34-35 | Юханның 1-х 3:18 |
| Бойсыныў | Филип 2:3-4 | Петрдиң 1-х 5:5-6 |
| Пәклик | Ефес 5:3 | Петрдиң 1-х 2:11 |
| Ҳадаллық | Левит 19:11 | Елшилер 24:16 |
| Исеним | Еврей 11:6 | Рим 4:20-21 |
| Жақсы ислер | Галат 6:9-10 | Матта 5:16 |

*«Егер Мениң сөзлерим бойынша жасасаңлар, ҳақыйқый шәкиртлерим боласызлар».*

-Юхан 8:31

**«Қол» сүўретлемеси.**




«Қол» сүўретлемеси бизлер Мухаддес Китапты беккем услаў кереклигимизди анық көрсетеди. Изертлеў жүргизгенде бизлердиң есимизде...

- **ЕСИТКЕНИМИЗДЕН** 5 пайыз
- **ОҚЫҒАНЫМЫЗДАН** 15 пайыз
- Изертлегенимизден 35 пайыз
- Ядлап алыўдан 100 пайызды көрсетеди.

Солай етип, Мухаддес Китапты көбирек толық усылда өзлестириў ушын тыңлаўды, оқыўды, үйрениўди ҳәм ядлап алыўды бирге алып барыў керек. Сиз Мухаддес Жазыўдың үстинде ойланған ўақтыңызда Мухаддес Китапты үйрениўде усы төрт усылға қайта-қайта қарасаңыз, олар сизге жақын болады ҳәм Масихқа еле де көбирек уқсаўыңызға жәрдем береди.

Келиң, жоқарыда көрсетилген Мухаддес Китапты үйрениў усылын толық қарап шығайық:

1. Шопанлар ҳәм жетекшилердиң аўзынан Қудайдың сөзин оқығанын еситкенимизде бизлерге, басқалардың Мухаддес Китапты үйренгенинде не алғанын билиўимизге жәрдем береди (Бунда белги қойғаныңыз пайдалы: усылайынша сиз еситкениңизди жақсы ядта сақлайсыз).
2. Мухаддес Китапты *оқыў* бизлерге Мухаддес Жазыў ҳаққында улыўма түсиник береди, онда және бизлер күнде Қудай менен жалғыз өткеретуғын ўақыттың тийкары жатырыпты.
3. Мухаддес Жазыўды *изертлеўдиң* еле де тереңирек усылын билиўди нәзерде тутады. Изертлеп бизлер оқығанымыздан белги қоямыз ҳәм бул бизлерге жақсы ядлап алыўға ҳәм бизлерге Мухаддес Жазыў ҳақыйқатлары ашылғанларды бир-бири менен байланыстырыўға жәрдем береди.
4. Қудайдың Сөзин *ядқа билиў* бизлерге азғырылыўлар үстинен жеңиске ерисиў ушын Руўхтың қылышын пайдаланыўымызға мүмкиншилик береди, соның менен бирге әтираптағыларға Мухаддес Китап ҳаққында айтып бериўге ҳәм Мухаддес Китап үстинде ойланыўды көбирек жемисли етиўге жәрдем береди.
5. Ҳәм ақырында *ойланыў*. Ол Мухаддес Жазыўды үйрениўде жоқарыда атап өтилген ҳәр бир төрт усылға туўра келиўи керек. Қудайдың Сөзиниң үстинде ойланып, бизлер оның өзгериўши күши бизлерде мийнет етип атырғанын көремиз.

### ***Ўақты-ўақты руўхый тексериў***

1-курста сиз бойсыныўшы масихыйдың өмири қандай болыўы кереклигин көрсететуғын «Шеңбер» сүўретлемесин үйрендиңиз. *Ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң* биринши он еки аяты шеңбердиң ҳәр бир алты тийкарының мәнисин түсиндирип береди. Усы тийкарлардың биреўи-Қудайдың Сөзи-«Қол» сүўретлемесинде анығырақ көрсетилген.

Енди усы еки сүўретлемеден келип шығып, сизге усы тийкарлар өмириңизде қанша беккем әдетленгенин тексериўге туўра келеди.
Усындай үш этаплы руўхый тексериўди жылына бир неше мәрте, ҳәтте айына бир мәрте өткериў пайдалы. Өзин-өзи тексериўди өз ўақтында ҳәм пухта өткерип көп жыллар даўамында ол ҳаққында айтып берип басқа масиҳыйлар ҳәм өзиңизге жәрдем береди.
Кейинги ҳәр бир сораўға жууап бериң:

А. Сиз масиҳыйлық өмириңизди он баҳалы система бойынша төменде берилген ҳәр бир тараўға сиз қандай баҳа бересиз? (бир-жаман, он-жүдә жақсы).

| *«Шеңбер» сүўретлемеси* | *«Қол» сүўретлемеси* |
| --- | --- |
| _____ Масих өмиримниң орайында | _____ Сөзди еситиў |
| _____ Масихқа бойсыныў | _____ Сөзди оқыў |
| _____ Дуўа етиў | _____ Сөзди изертлеў |
| _____ Қарым-қатнас | _____ Сөзди ядлап алыў |
| _____ Гуўалық | _____ Сөз үстинде ойланыў |

Б. Усы он бир тараўдың қайсысына сиз ҳәзирги ўақытта табыслы ерискениңизди жазың. Бул неден ибарат болатуғынын түсиндирип бериң:

______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

В. Жақсыланыўға мүтәж болған сол тараўды өзгертиў ушын сиз нени жобаластырып атырғаныңызды жазың:

______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

## 2-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

   А. 2-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нəсиятты изертлең ҳəм талқылаң (12-б), Юхан 13:34-35 ҳəм Юханның 1-х 3:18 ди ядлаң.

   Б. «Масих пенен бирге баслаў» темасындағы бес аятты ҳəм Г сериясындағы «Масихтың шəкирти болың» он еки аятын цитаталап айтып бериўге таярланың.

   В. Есиңизде болсын, 6-курсты жуўмақлаў ушын сизге ядлап алыў ушын тематикалық дүзилисиндеги ҳəмме алпыс аяттың тема ҳəм силтемесин айтып, бир мəрте цитаталап айтып бериўиңизге туўра келеди. Соның ушын ҳəмме курс даўамында аятларды өз ўақтында ҳəм дыққатлы қайталаў керек.

2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳəм белги қойыўды даўам етиң.

3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 1-бабындағы «Шəкирт болыў деген нени билдиреди» темасы бойынша 1-12 сораўларына жуўап бериң (57-59).

# 2-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Сүйиспеншилик» темасы бойынша еки аятты қайталаң, Юхан 13:34-35 ҳәм Юханның 1-х 3:18. Және «Масих пенен бирге баслаў» ҳәм Г сериядағы «Масихтың шәкирти болың» темасындағы аятларды қайталаң.
2. Өзиңиздиң *Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделиктеги* пикирлер менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңизди ямаса оларға *көпир сүўретлемесин* қалай ҳәм түсиндиргениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 1-бабындағы «Шәкирт болыў деген нени билдиреди» бөлиминдеги 1-12 сораўларды талқылаң (57-59 бет).
5. Ҳәр бир жетекшиниң жумысына қысқа баҳа бериң.
6. *3-сабаққа тапсырманы* оқың (12-13 бет).
7. 3-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарға жетекши таярлаң.
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, екинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

Д-СЕРИЯ. МАСИХҚА УҚСАҢ

Тек Масихқа уқсап жасап, бизлер Қудайды алғыслай аламыз. Ийса Масих бизлерде жасайды ҳәм бизлерди басқа адамларға уқсамайтуғын етеди, соның менен ол ҳақыйқатты излеўде болғанлардың дыққатын өзине тартады.

1-ТЕМА. СҮЙИСПЕНШИЛИК

Ҳақыйқый сүйиспеншилик сийрек ушырасады. Ҳақыйқый сүйиспеншилик-бул Қудайдың Өзине тән болған қәсийетлилик, өйткени «Қудай-бул сүйиспеншилик» (Юханның 1-х 4:8). Бизлер өз еркимизше бундай сүйиспеншиликке уқыплы емеспиз-бул Мухаддес Руўхтың жемиси.

***Юхан 13:34-35***-Ийса Өзиниң ҳақыйқый шәкиртлери бир-бирине сүйиспеншилиги менен ажыралып туратуғынын айтты.

***Юханның 1-х 3:18***-Сүйиспеншилик тек сөзде емес, бирақ ислерде де көриниўи керек.

***Ҳәптелик жоба.***

1. Д сериясындағы биринши еки аятты (Юхан 13:34-35 ҳәм Юханның 1-х 3:18) қалташаның тесигине жайластырың.
2. А ҳәм Г сериясындағы аятларды күнде қайталайтуғын қалташаға жайластырың.

3. Аятларды ядлап алыў ҳәм қайталаў бойынша алдыңғы көрсетпелерге тийкарланың (алдыңғы 2:7 серия китапларын қараң).

**3-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

А. 3-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға нәсиятты үйрениң ҳәм талқылаң (14-б), Филипп. 2:3-4 ҳәм Петрдиң 1-х 5:5-6 ди ядлаң.

Б. «Масих пенен бирге баслаў» темасындағы бес аятты ҳәм Г сериясындағы аятларды цитаталап айтып бериўге таярланың.

В. 15-беттеги өзин-өзи тексериўди өткериң.

2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 1-бабындағы «Шәкирт болыў деген нени билдиреди» темасы бойынша 13-22 сораўларына жуўап бериң ҳәм қысқаша баянлама дүзиң (59-62)

# 3-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Бойсыныў» темасы бойынша еки аятты қайталаң Филип 2:3-4 ҳәм Петрдиң 1-х 5:5-6. «Масих пенен бирге баслаў» бөлиминдеги ҳәм Г сериядағы аятларды цитаталап айтып бериң.
2. Сизиң Қудай менен жалғыз қалыў ўақтында пайда болған пикирлер менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге гүўалық еткениңизди ямаса оларға *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндиргениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 1-бабындағы «Шәкирт болыў деген нени билдиреди» темасы бойынша 13-22-сораўларды ҳәм қысқа баянламаны талқылаң (59-62 бет).
5. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
6. *4-сабаққа тапсырманы* оқың (16 бет).
7. 4-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшисин таярлаң.
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, үшинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

2-ТЕМА. БОЙСЫНЫЎ

Бизлердиң минез-құлқымызда (тәбиятымызда) өзине тән менменлик болыўына қарамастан, бизлер бойсыныўды үйрене аламыз. Ийса: «Мойынтырығымды салып, Меннен үйрениңлер: өйткени Мен мөмин ҳәм кишипейилмен» (Матта 11:29),-деди. Бойсыныў бул жасалма сыртқы түр емес, ал жүрегимиздиң жағдайы. Бойсыныўшы адам Қудайдан алған уқыплылықты ҳақыйқаттан баҳалайды ҳәм оларды Қудайды алғыслаў ушын пайдаланады. Менменлик даў-жәнжел туўдырады, ал бойсыныўшылық азатлық алып келеди.

***Филип 2:3-4***-Бойсыныўшы адамда өзи ушын ең көп пайда алыў ушын басқа адамлар менен жарысыўға өзимшил талпыныў болмайды. Керисинше, ол әтираптағыларға ҳүрмет пенен қатнасыўға ҳәрекет етеди. Бундай адам өзиниң жеке сыяқлы басқалардың пайдасы менен есапласады.

***Петрдиң 1-х 5:5-6***-Қудай менменликке қарсы турады, өйткени менменлик Оның даңқын менсинбейди. Қудай бизлерди сондай менменлик ушын бәне қалмайтуғындай есине түсиретуғын шәртлер қоя алады, бирақ өзлеримиз өз ўақтында бизлерди Ол мәртебели етиў ушын бойсыныўымыз керек.

***Ҳәптелик жоба.***

1. Филип 2:3-4 ҳәм Петрдиң 1-хаты 5:5-6 - ны қалташаның тесигине жайластырың. Оларды бул ҳәпте даўамында үйрениң.
2. Сиз әлле-қашан Юхан 13:34-35 ҳәм Юханның 1-х 3:18 - ди ядладыңыз, соның ушын оларды қалташаның ишине жайластырың ҳәм күнде қайталаң. Г сериядағы биринши еки аятты шығарың ҳәм оларды аятлар ушын қутышаға жайластырың.
3. А сериядағы аятлар қалташада болыўы керек, оларды күнде қайталаў шәрт. Соның менен бирге Г сериясындағы қалған аятларды ҳәм Д сериядағы таза еки аятты қайталаң.
4. Дәслеп темасын, кейин силтемени айтыўын умытпаң (үзиндини цитаталап айтып баслағанға шекем ҳәм кейининен).
5. Ҳәптениң соңында сиз таза аятларды қәншелли дурыс ядлағаныңызды тексериң.
6. Өзин-өзи тексериўди өткериң, еле сиз буны ислемеген болсаңыз.
7. Бос ўақытларыңызды аятларды қайталаў ҳәм ойланыў ушын пайдаланыўды умытпаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыўда өзин-өзи тексериў.***

Бул өзин-өзи тексериўди орынлаў ушын 5-курстағы ҳәм бул курстағы биринши үш ҳәптедеги Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсиятты қайталаң. Дурыс жуўаплар сораўлардан кейин берилген.

1. Дүньядағы сынақларға қарсы гүреске шыдам бериў ушын, бизлер (ең дурыс жуўапты белгилең):
   _____ а. сынақты тил қатпастан бастан кешириў.
   _____ б. душпанға белсенди қарсыласыў ушын Қудайдың күшин қабыллаў.
2. Аятларды табыслы ядлап алыў ушын керекли (үш ең нәтийжели усылды белгилең):
   _____ а. кейинирек сиз ядлаўды қәлейтуғын аятлардың силтемесин жазың.
   _____ б. ҳәр ҳәптеде таза аятларды ядлап алыўдың избе-излиги.
   _____ в. әлле-қашан ядлаған аятларды Мухаддес Китаптан белгилеў.
   _____ г. қалташада бар болған ҳәмме аятларды күнде қайталаў.
   _____ д. әлле-қашан ядланған аятларды қәтесиз цитаталап айтып бериў уқыплылығын сақлаў ушын жетерли жийи қайталаў.
3. Егер таза аятларды ядлап алыў зериктиретуғын ҳәм қызық емес болып басласа, былай ҳәрекет етиўге болады (еки күтә нәтийжели усылды белгилең):

_____ а. ядлап алыўды төрт-алты ҳәптеге дем алыс ислеў.
_____ б. көп ўақыт дуўа етип ҳәм аятлардың үстинде ойланыў өткериў.
_____ в. ядлап алыўдың таза усылын табыў.
_____ г. аятларды сәўбетлесиў ҳәм хат алысыўда жийи пайдаланыў.

4. Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң сериясындағы аятларды олар менен туўры келетуғын атлары менен бирге (А-Д) ҳәриплерди қойың:
_____ Қудайға исениң
_____ Масихқа уқсаң
_____ Масихты салтанатлы жәриялаң
_____ Жаңа өмир менен жасаң
_____ Масихтың шәкирти болың

5. Егер сиз ядтан билип алыўды қәлейтуғын аят ушырасса, онда жақсысы (ең дурыс жуўапты алың):
_____ а. оны дәрриў ядлап алыў
_____ б. тек силтемесин, аяттың улыўма мәнисин билдиретуғын бир неше сөзди ядлап алыў ҳәм оны кейин де ядлап алыў.
_____ в. аяттың гилтли пикирин билдиретуғын гәпин ҳәм силтемесин жазың ҳәм Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң аятларының үстинде ислеўди жуўмақлағаннан кейин оны ядлаў.

Дурыс жуўаплар:
1-б; 2-б, г, д; 3-б, г; 4-В, Д, Б, А, Г; 5-в.

**4-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***
   А. 4-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға нәсиятты үйрениң ҳәм талқылаң (17-б), Ефес. 5:3 ҳәм Петрдиң 1-х 2:11 - ди ядлаң.
   Б. А сериядағы «Жаңа өмир менен жасаң» аятларын цитаталап айтып бериўге таярланың.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 2-бабындағы «Садық хызметши» темасы бойынша 1-12 сораўларына жуўап бериң (63-66).

# 4-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Пәклик» темасы бойынша аятларды қайталаң, Петрдиң 1-х 2:11 ҳәм Ефес 5:3. А сериясындағы «Жаңа өмир менен жасаң» аятларды цитаталап айтып бериң.
2. Сизге Қудай менен жалғыз қалған ўақытта келген пикирлерди бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 2-бабындағы* «Садық хызметши» бөлиминдеги 1-12-сораўларды талқылаң (63-66 б).
5. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
6. *5-сабақ ушын тапсырманы* оқың (17-18 - бет).
7. 5-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

### *Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, төртинши ҳәпте*

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

3-ТЕМА. ПӘКЛИК

***Ефес. 5:3***-Қудай Масихтағы исениўшилерге «ҳәр қандай бузықшылықтан» қашыўды талап етеди, өйткени олар Қудай таңлаған мухаддес адамлар.

***Петрдиң 1-х 2:11***-Руўхый өмирге денениң қәлеўинен басқа ҳеш нәрсе көп зыян келтирмейди. Бизлер гүна турған босағаға қәншелли жақын турғанымызды тексермеўимиз керек емес, керисинше, бизлер «ҳәр қандай жаманлықтан қашыўымыз» керек (Салоника 1-х 5:22).

***Ҳәптелик жоба***

1. Бул ҳәпте даўамында Ефес. 5:3 ҳәм Петрдиң 1-х 2:11 - ди ядта сақлаң.
2. Филип 2:3-4 ҳәм Петрдиң 1-х 5:5-6 аятларды қалташаның ишине салың. Г сериясынан және еки аятты қалташадан шығарың ҳәм оларды аятлар ушын қутышаға салың.
3. А сериядағы аятлар қалташаның ишинде болыўы керек, оларды күнде қайталаў шәрт. Соның менен бирге Г сериядағы қалған аятларды ҳәм Д сериядағы төрт таза аятты қайталаң.

## 5-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

   А. 5-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға нәсиятты үйрениң ҳәм изертлең (19-б), Лебий 19:11 - ди ядлаң.

   Б. А сериядағы аятларды цитаталап айтып бериўге таярланың.

2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.

3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 2-бабындағы «Садық хызметши» темасы бойынша 13-20 сораўларына жуўап бериң ҳәм қысқаша баянлама бериң (66-69).

4. ***Ҳәр түрли:*** «Оқыўды үйрениў-даналықтың белгиси» бөлимин оқың, сораўларға жуўап бериң ҳәм талқылаўға таярланың (19-20-бет).

# 5-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Пәклик» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Лебий 19:11. А сериядағы аятларды цитаталап айтып бериң.
2. Қудай менен жалғыз қалған ўақытта келген пикирлерди бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 2-бабындағы «Садық хызметши» бөлиминдеги 13-20-сораўларды ҳәм қысқаша баянламаны талқылаң (66-69 б).
5. Ҳәр бир жетекшиге қысқа баҳа бериң.
6. «Оқыўды үйрениў-даналықтың белгиси» мақаласын талқылаң (19-20-бет).
7. *6-сабақ ушын тапсырманы* оқың (21 - бет).
8. 6-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, бесинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

4-ТЕМА. ПӘКЛИК

Көбинесе инсапсыз қылықлар ислеп адам «булай ҳәмме ислейди» ҳәм улыўма «егер мен усланып қалмасам, демек ҳәммеси бир жөнли» деп айтып өзин ақлайды. Деген менен масихыйлар Мухаддес Китаплық емес тийкарларға сәйкес келетуғын ҳәўесликлерди жеңиўи керек.

***Лебий 19:11*** -Бул аятта Қудай Муўсаға қарап Өзиниң принциплерин пәкликте анық айтады.

***Ҳәптелик жоба***

1. Бул ҳәптеде тек бир аятты- Лебий 19:11 - ди ядта сақлаң.
2. А сериядағы аятларды аятлар ушын қутышаға салың, ал олардың орнына қалташаға Б сериядағы аятларды жайластырың.
3. Ефес. 5:3 ҳәм Петрдиң 1-х 2:11 аятларын қалташаның ишине салың. Г сериядағы гезектеги еки аятты шығарың ҳәм оларды аятлар ушын қутышаға салың.
4. Күнде Б сериядағы аятларды, Г сериядағы соңғы алты аятты ҳәм Д сериядағы биринши аятларды қайталаң.

## *Оқыўды үйрениў - даналықтың белгиси*

*«Дананы әшкарала ҳәм ол сени жақсы көреди; дана адамға нәсият бер ҳәм ол еле де дана болады; әдилди үйрет ҳәм ол билимин көбейтеди».*

Нақ-мақ. 9:8-9.

2:7-сериясының 6-курсын жуўмақлап сиз әҳмийетли руўхый тәжирийбеге ийе боласыз; топарда Мухаддес Китапты үйрениў бойынша сабақларды алып барыўда; күнделикли өмириңиздиң ажыралмас бөлеги болатуғын Қудай менен жалғыз қалыў ўақтын өткериў; өмириңизге ҳәм хызметиңизде әҳмийетли роль ойнайтуғын Мухаддес Жазыў үзиндилериниң толық қатарын ядтан билесиз. Бул ўақыт даўамында сиз 2:7 сериядан тысқары басқа усылларды пайдаланып, руўхый өсиўиңизде Қудай сизге сөзсиз жәрдем берди. Деген менен шайтан тек исеними аз ҳәм ҳәлсиз масихыйларға қарсы қақпан қурып қоймай, ол ким руўхый өсип ҳәм әлле-қашан көп нәрсе үйренгенлерге қарсы қаслық ойлайды. Мысалы, өмириңизге менменлик тәсир көрсетип баслаўы мүмкин. Өзимшиллик Мухаддес Руўхтың, Оның басқарыўына ҳәм күшине исениў нийетин тоқтатыў мүмкин. Сиз басқа масихыйларға жүкленген жуўапкершиликти, сиз енди буны ислей алатуғыныңыз сыяқлы, олар соншелли билип ҳәм тәртиплилик пенен орынламай атырғанына сын көз бенен қарап баслайсыз.

Тап сол ўақытта билимге шын жүректен ҳәўес болыў керек. Басқа адамлардың нәсиятына, сын көзине ҳәм мәсләҳәтине күннен бурыннан шек қойып қарамаўымыз керек.

Бизлердиң минез-қулқымызда басқалардан үйрениў ҳәм өзгешелик нийет аз. Бир адам айтқан: «Мен жаңа нәрселерди билиўди жақсы көремен, бирақ мени үйреткенди жаман көремен». Басқалардан өзи ушын пайдалы оқыўды ашыўланбай ҳәм өкпелемей үйрениў адамның жетилискени ҳаққында гууалық етеди.

*«Ҳәр бир адам еситиўде шаққан, сөйлеўде ақырын, ғәзеплениўде де ақырын болсын. Өйткени, адамның ғәзеби Қудайдың талап еткен ҳақлығын иске асыра алмайды».*

Яқып 1:19-20.

1. Сиз «оқыўды үйрениў» сөзин қалай түсинетуғыныңызды өз сөзиңиз бенен жазың.

______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

2. Сизиң пикириңизше, оқыўды қәлейтуғын ҳәм таяр болыў зәрүрлиги ҳаққында анық ҳәм исенимли айтатуғын Мухаддес Жазыўдың keминде үш аятты жазың. Ҳәр бир аяттың силтемесин ҳәм тийкарғы пикирин жазың (Симфонияға қарап «оқыў» ҳәм «үйретиў» сыяқлы сөзлерди излесеңиз болады).

______________________________________________________________
______________________________________________________________
______________________________________________________________

***Оқыўды шын жүректен қәлеў ушын тест:***

1. Мен жийи өз пикирлеримди ең дурысы деп есаплайман ба?
2. Мен өзим ҳаққындағы жеке көз-қарасымды соншелли дурыслығы ҳаққында ойланаман ба?
3. Мен шешим қабылламастан алдын басқалардан кеңес сорайман ба ҳәм бундай кеңеслерди шынтлап түсинемен бе?
4. Мениң Мухаддес Китапты үйрениўдеги  тийкарғы мақсетим қандай? мағлыўмат алыў ма ямаса үйренгенимизди өмиримизде қалай қолланыў керек екенин түсиниў ме?
5. Мениң сораўлар бергеним бе ямаса маған әлле-қашан ҳәммеси белгили деп есаплағаным ылайықлы ма?
6. Қудай кейинги ўақытлары мениң өмиримде не өзгертиў кереклигине дыққат аўдарды ма? Мен буның үстинде ислеймен бе?
7. Мениң ядыма биреў мениң кемшилигимди көрсетип ҳәм мен оны дүзетиўге ҳәрекет еткеним сыяқлы мысал келе ме?
8. Мен басқаларды тыңлап билемен бе?
9. Маған кеңес берген ўақытта мен қорғаныў орнын ийелейтуғындай боламан ба? Мен өзимди ақлаўға талпынаман ба?
10. Маған жәрдем керек ўақтында мен басқаларға жолығаман ба?

**6-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

   А. 6-сабақ ушын Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға нәсиятты үйрениң ҳәм изертлең (22-б), Елшилер 24:16 - ны ядлаң.

   Б. Б сериядағы «Масих ҳаққында Хош Хабар айтың» аятларды цитаталап айтып бериўге таярланың.

2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.

3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 3-бабындағы «Басқаларға Масихты табыўға жәрдем бериў» темасы бойынша 1-9 сораўларына жуўап бериң (70-72).

4. ***Ҳәр түрли:*** «Дуўа етиў дизимин пайдаланыў» бөлимин оқың, сораўларға жуўап бериң ҳәм талқылаўға таярланың (22-24-бет).

# 6-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Пәклик» темасы бойынша екинши аятты қайталаң, Елшилер 24:16. «Масих ҳаққында Хош Хабар айтың» Б сериядағы аятларды цитаталап айтып бериң.
2. Сизиң Қудай менен жалғыз қалған ўақытта келген пикирлерди бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 3-бабындағы «Басқаларға Масихты табыўына жәрдем бериў» бөлиминдеги 1-9-сораўларды талқылаң (70-72 б).
5. Ҳәр бир жетекшиге қысқа баҳа бериң.
6. «Дуўа етиў дизимин пайдаланыў» мақаласын талқылаң (22-24-бет).
7. *7-сабақ ушын тапсырманы* оқың (24 - бет).
8. 7-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, алтыншы ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

4-ТЕМА. ПӘКЛИК

***Елшилер 24:16***-Павел «пәк ҳүжданлы болыў» ушын көп күш жумсаған. Тек ақырына дейин Қудай ҳәм адамлар менен қатнасықта ҳадал болсақ, бизлер өз ҳүжданымызды соншелли пәк сақлай аламыз. Өзиниң ҳүжданына қулақ аспайтуғын масихый бәлеге ушыраўы мүмкин.

***Ҳәптелик жоба***

1. Елшилер 24:16 - ны ядлаң, ал Лебий 19:11-ди қайталаў керек болған басқа аятлар менен бирге қалташаның ишине салың.
2. Бул аятларды күнде қайталаң: Б сериядағы ҳәмме аятлары, Г сериядағы кейинги бес аят ҳәм Д сериядағы биринши жети аят. Есиңизде болсын, оларды қәтесиз цитаталап айтып билиў ушын оған талпыныў керек.

## *Дуўа етиў дизимин пайдаланыў*

**Еркин түрди қолланың.**

Жобаны дүзиў ҳәм жумысларыңызды тәртипке салыў сизди байлап тасламаў керек. Керисинше, зыят тынышсызлықтан азат болып өзиңизди еркинирек сезип ҳәм өмириңизди аўызбиршиликли ҳәм жемисли етиўиңиз керек.

Бизлер өзимиздиң ақылымыз ҳәм күшимизге жарым-жарты исенип, тәртипсиз болсак та, бизлер бәрҳама Мухаддес Руўхқа үмит етемиз. Үлкен шөлкемлестириў ҳәм тәртип бизлердиң Қудай менен өмиримизге ҳәм хызметимизге жақсы тәсир көрсетеди. Дуўа етиў ҳаққында да солай айтса болады.

Бул кеңеслер сизге бундай айрықша еркинсизликти сезиўден қашып дуўа етиў дизими менен ислесиўди үйрениўге жәрдем береди:

1. Дуўа етиў дизимиңиздиң мазмунын ҳәм қурылысын ўақты-ўақты қарап шығың. Керекли өзгерислер киргизиң.
2. Зәрүрлигине қарай дуўа етиў дизимин таза өтинишлерге толтырың ҳәм әлле-қашан мәнисин жойытқанларды шығарып таслаң.
3. Бул дизимге кирмегени ҳаққында дуўа етиў ушын бәрҳама ўақыт қалыўы ушын дуўа етиў дизимиңиз дым узын болмаўы керек. Бул Мухаддес Руўхқа сизиң дыққатыңызды ҳәр түрли күнделикли дуўа етиў мүтәжликлерине қаратыўға мүмкиншилик береди.
4. Ўақты-ўақты менен адамлардан сиз дуўа етиўиңиз ушын олар нени қәлейтуғыны ҳаққында сораң. Бул мүтәжликлерди жазып алың ҳәм оларды өзиңиздиң дуўа етиў дизимиңиздиң қатарында пайдаланың (Әсиресе, сиз ҳәр күни дуўа етип атырған адамларыңыздан жийи сораў әҳмийетли).

**Дизимди қалай дүземиз.**

Төменде үш түр келтирилген, ҳәр бири сиз ушын пайдалы болыўы мүмкин:

1. *Күнделикли дизим.* Бул түр-ең әпиўайы. Тек бир бетке сиз күнде нени дуўа ететуғыныңызды нийетлегениңиз ҳаққында жазың.
2. *Күнделикли дизим менен ҳәптелик дизим.* Бул түрде сиз көбирек жийи қолланатуғын болыўыңыз мүмкин. Бир мүтәжликлерге күнде, ал басқаларына-ҳәптесине бир мәрте дуўа еткен жақсы. Бундай дизимди дүзиўде өзине төрт этап киргизген.

   A. *Дуўа ететуғын өтинишлериңизди санап шығың ҳәм оларды*

*топарларға бөлиң.* Дәслеп сиз неге бир қәлипте дуўа ететуғыныңызды белгилеп алың. Өтинишлериңизди топарларға бөлиң, мысалы, шаңарақ, ағайинлер, жәмәәт, жумыс, Хош Хабар айтыў мүмкиншилиги, балалардың руўхый өсиўи, елшилер ҳ.т.б. ҳаққында.

*Б. Күнделикли өтинишлерди айырып алың.* Өтинишлерди топарлар бойынша бөлип, сиз күнде дуўа етиўди қәлейтуғыныңызды айырып алсаңыз болады. Гей бир мүтәжликлер сизиң күнделикли дизимиңизге көпке киреди. Басқалары онда бир неше күн ямаса ҳәпте даўамында қалатуғын болады. Бул кейинирек түсиндириледи, ҳәзирше сиз ҳәр күни не ҳаққында дуўа ететуғыныңызды шешип алың.

В. *Қалған өтиниш топарларын ҳәптениң күнлери бойынша бөлиң.* Қалған дуўа етиў өтинишлерди дүйшембиден шембеге дейин жазыў қолайлы болады. Ҳәр күни бөлек дизим дүзиң. Оларды жақсы есте сақлаўға ҳәрекет етиң. Сиз анық өтинишлер топарын қандай да бир анық күн менен, егер бул күн сиз дуўа етежақ болған адамларыңыздың қәлеген биреўи ушырасса, дуўа етиўди сол адам менен байланыстырсаңыз болады. Егер сиз екинши күни Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарды алып барсаңыз, онда екинши күн азанда топарыңыздағы адамлар ушын айрықша дуўа етиўиңиз керек. Солай етип, сиз дуўа еткениңизде еле де сезгир боласыз.

Солай етип, бул түрди алып сиз дуўа етиў дизиминиң жетеўин дүзиўиңиз керек: биринши күннен алтыншы күнге дейин ҳәптениң ҳәр күнине биреўден ҳәм күнде дуўа етиў ушын биреў. Бундай жағдайда екшемби күни бос болып қалады ҳәм бул күни сиз нени қәлейтуғыныңыз ҳаққында дуўа етсеңиз болады. Екшемби күнди өткерип жиберсеңиз болады, бирақ қалған алты күнде айрықша ықлас пенен дуўа етиў керек.

Г. *Өз дуўа етиў өтинишлериңизди пухта жазың.* Енди дуўа етиў өтинишлери әлле-қашан таярланып ҳәм топарларға ҳәптениң күнлерине бөлингеннен кейин жуўмақлаўшы дизимин дүзиўиңизге болады. Егер дизим пухта дүзилген болса, оны пайдаланыў жүдә жемисли болады.

3. ***Ҳәптелик дизим.*** Бул ҳәр ҳәптениң күни бойынша өтинишлер топарын бөлиў, бирақ күнделикли дизимди дүзбеў нәзерде тутылады (1 ҳәм 3-түрлер жаңа келген масихый ушын айырықша пайдалы).

**7-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

   А. 7-сабақ ушын Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға нәсиятты үйрениң ҳәм изертлең (25-б), Еврей 11:6 - ны ядлаң.

   Б. Б сериядағы аятларды цитаталап айтып бериўге таярланың.

3. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.
4. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 3-бабындағы «Басқаларға Масихты табыўға жәрдем бериў» темасы бойынша 10-18 сораўларына жуўап бериң ҳәм қысқаша баянлама дүзиң (72-75).
5. ***Ҳәр түрли:*** Дуўа етиў дизимин дүзиң ҳәм оны өзиңиз бенен кейинги сабаққа алып келиң (бул мақсетлер ушын китаптың ақырындағы бос бетлердиң биреўинен пайдаланың).

# 7-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Исеним» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Еврей 11:6. Б сериядағы аятларды цитаталап айтып бериң.
2. Сизиң Қудай менен жалғыз қалған ўақытта келген пикирлерди бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Сабақ қатнасыўшыларының дуўа етиў дизимин талқылаң.
5. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 3-бабындағы «Басқаларға Масихты табыўға жәрдем бериў» бөлиминдеги 10-18-сораўларды ҳәм қысқаша баянламаны талқылаң (72-75 б).
6. Ҳәр бир жетекшиге қысқа баҳа бериң.
7. 8-сабақ ушын тапсырманы оқың (24 - бет).
8. 8-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - жетинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

5-ТЕМА. ИСЕНИМ

***Еврей 11:6***-Бул үзинди бизлерге, Қудайға исенимсиз унаў мүмкин емеслиги ҳаққында айтады. Солай етип, тап исеним Қудайға айрықша қуўаныш әкелсе, бизлер де ҳәр күни «көзге көринетуғын нәрселерге емес, ал исенимимиз» бенен жүриўимиз ушын бақлап жүриўимиз керек (Коринф. 2-х 5:7).

***Ҳәптелик жоба***

1. Бул ҳәптеде Еврей 11:6 - ны ядта сақлаң.
2. Күнде Б сериядағы аятлар, соңғы Г сериядағы төрт аятын ҳәм Д сериядағы биринши сегиз аятын қайталаң.
3. Өз тәжирийбеңизди аятларды ядлап алыў бойынша белгилең. Бул курста сизге Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын тематикалық дүзилисиниң ҳәмме алпыс аятын цитаталап айтып бериўиңизге туўра келеди.

**8-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

   А. 8-сабақ ушын Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға нәсиятты үйрениң ҳәм изертлең (27-б), Рим 4:20-21 - ди ядлаң.

   Б. В сериядағы аятларды цитаталап айтып бериўге таярланың.

2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.

3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 4-бабындағы «Басланғанды таслап кетпеў» темасы бойынша 1-9 сораўларына жуўап бериң (76-77).

4. ***Ҳәр түрли:*** 3-курстағы 8, 11-17, 65-бетлердеги «Мухаддес Китап үстинде қалай ойланыў керек» материалын қайталаң. Кейин оларды сабақта талқылаў ушын бул курста берилген 28-29-бетлердеги шынығыўды орынлаң.

# 8-САБАҚ

**САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. «Исеним» темасы бойынша екинши аятты қайталаң, Рим. 4:20-21. В сериядағы «Қудайға исениң» аятларын цитаталап айтып бериң.
2. Сизиң Қудай менен жалғыз қалған ўақытта келген пикирлерди бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. 28-29-беттеги Мухаддес Китаптың үстинде ойланыў бойынша шынығыўды талқылаң.
5. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 4-бабындағы «Басланғанды таслап кетпеў» бөлиминдеги 1-9-сораўларды талқылаң (76-77 б).
6. Ҳәр бир жетекшиге қысқа баҳа бериң.
7. *9-сабақ ушын тапсырманы* оқың (29 - бет).
8. 9-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, сегизинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

5-ТЕМА. ИСЕНИМ

***Рим 4:20-21*** - Адамның тек исеними Қудайға жағатуғынының мысалы Ибрайымның өмири болып табылады. Ўәде етилген нәрсе орынланбайтуғын болып көриниўине қарамастан, Ибрайым Қудайға исенди ҳәм исенимниң атасы деп аталды. Ибрайымның үлгиси Қудай ушын мүмкин емес нәрсениң болмайтуғынын көрсетти. Егер бизлер Қудайдың Сөзине беккем исенсек, Қудайдың ўәделерине үмит етип жасасақ ҳәм Қудай өмиримизде Өз жумысын ислеп атырғанын көрсек, онда бизлердиң исенимимиз өсип ҳәм беккемленетуғын болады.

***Ҳәптелик жоба***

Аятларды қайталаў ҳәм ядлап алыў бойынша алдыңғы көрсетпелерге тийкарланың. Рим. 4:20-21 - ди ядлаң; В сериядағы ҳәмме аятларды, Г сериядағы соңғы үш аят ҳәм Д сериядағы биринши тоғыз аятты күнде қайталаң.

***Мухаддес Жазыў үстинде ойланыў әдетке кириўи керек.***

Әдет-бул қызықсыз ҳәм зериктиретуғын бир нәрсе емес. Бизлер басқаларға Масих ҳаққында айтып қуўанышты сезиў, бул да әдетке кириўи мүмкин. Әжайып әдет Қудай менен тири ҳәм толық қатнас болады.

Буның анық мысалы, Даниелдиң өмири болады.

Даниел Китабының 6:10-да, оның өмиринде қыйыншылық ўақытлары басланған ўақытта, «ол күнине үш мәрте дизесин бүгип ҳәм өз Қудайына дуўа етти ҳәм ол буны алдынлары ислегени сыяқлы, Оны алғыслады» деп айтады.

3-курстағы 11-17-бетлерди және бир мәрте оқың, ал кейин төменде берилген шынығыўды ислең. Бул шынығыўдың тийкарында Мухаддес Жазыўдың үстинде ойланыўдың ҳәр түрли усылы жатыр.

Мухаддес Жазыўдың үстинде ойланыўда бул усылды пайдаланыўды даўам етиң, сонда олар әдетке киреди ҳәм көп пайда келтиреди.

1. ***Өз сөзиңиз бенен жазың.*** Галат 6:9-10-ды оқың, ал кейин бул үзиндини өз сөзиңиз бенен айтып бериң:
   *«Солай етип, жақсылық ислеўден жалықпаңлар. Егер ҳәлсизленип қалмасақ, ўақты келгенде жемисин аламыз. Сонлықтан мүмкиншилигимиз бар екен, ҳәмме адамға, әсиресе, исениўши туўысқанларға жақсылық ислейик».*

   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________

2. ***Үзинди ямаса аят бойынша сораўларды қысқаша түсиникли етип айтың.*** Юхан 13:34-35-ти оқың ҳәм сизде пайда болған сораўларды жазың.
   *«Сизлерге жаңа буйрық берип атырман: бир-бириңизди сүйиңлер! Мениң сизлерди сүйгеним сыяқлы, сизлер де бир-бириңизди сүйиңлер. Егер бир-бириңизди сүйсеңлер, сизлердиң Мениң шәкиртлерим екениңизди ҳәмме усы арқалы билип алады».*

   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________

3. Берилген үзинди ямаса аяттан сиз нени билгенизиңизден келип шығып, ***Қудайға дуўа етиң.*** Матта 28:18-20-ны оқың, дуўа етиң ҳәм сиз билмеген әҳмийетли жағдайлар ҳәм қызықлы пикирлерди жазың:

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

4. ***Өз дыққатыңызды бир бөлек сөзге ямаса гәпке бағдарлаң.*** Бул усылды Филип 2:3-4-тиң үстинде ойланып, қолланып көриң ҳәм төменге сизге жаңадан не ашылғанын жазың.

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

5. ***Ҳәр жақлы силтемелерди табың.*** Ийшая 26:3-те не айтылғаны ҳаққында Мухаддес Жазыўдың қайсы үзиндилеринде айтылады?

Силтеме ____________________ Пикир ______________________

____________________________ ______________________________

Силтеме ____________________ Пикир ______________________

____________________________ ______________________________

Силтеме ____________________ Пикир ______________________

____________________________ ______________________________

6. Үзинди ямаса аятты өмириңиз бенен байланыстырыўға ҳәрекет етиң. Коринф. 1-х 15:58 сизиң өмириңиз ҳәм өмириңиздеги жағдайлар менен қалай байланысқан?

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

**9-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

   А. 9-сабақ ушын Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға нәсиятты үйрениң ҳәм изертлең (30-б), Галат 6:9-10 - ды ядлаң.

   Б. В сериядағы аятларды цитаталап айтып бериўге таярланың.

   В. 6-курсты жуўмақлаў ушын талап етилетуғынның биреўи, Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң ҳәмме алпыс аятының темасын айтып ҳәм силтемесин киргизип бир рет цитаталап айтып үйрениў болып табылады. Ким болса да сизиң цитаталап айтып бергениңизди тыңлаң ҳәм оларды ядта сақлағанның дурыслығын тексериўи шәрт. 31-бетте бул тапсырманы қалай орынлаў керек екенлигиниң көрсетпеси берилген. Сабақтан бос ўақытларыңызда тексериў өткериң.

2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.

3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 4-бабындағы «Басланғанды таслап кетпеў» бөлиминдеги 10-19 сораўларына жуўап бериң ҳәм қысқаша баянлама дүзиң (77-79).

# 9-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Жақсы ислер» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Галат 6:9-10. В сериядағы аятларды цитаталап айтып бериң.
2. Сизиң Қудай менен жалғыз қалған ўақытта келген пикирлерди бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 4-бабындағы «Баслағанды таслап кетпеў» бөлиминдеги 10-19-сораўларды ҳәм қысқаша баянламаны талқылаң (77-79- б).
5. Ҳәр бир жетекшиге қысқа баҳа бериң.
6. *10-сабақ ушын тапсырманы* оқың (31 - бет).
7. 10-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, тоғызыншы ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

6-ТЕМА. ЖАҚСЫ ИСЛЕР

***Ефес. 2:8-9***-Павел жақсы ислеримиз бенен қутқарыла алмайтуғынымызды айтады. Деген менен, сол баптың 10-аятында ол олардың бәрибир әҳмийетли екенин айтады. «Себеби, бизлер Қудайдың дөретпесимиз. Өзи алдын-ала таярлаған жақсы ислерин ислеп жасаўымыз ушын, Ол бизлерди Масих Ийса арқалы жаратты». Тек бир исеним қутқарады, бирақ қутқарылыў әкелетуғын исеним ҳеш қашан бир өзи келмейди. Жақсы ислер-Масихқа шын жүректен исенгенниң турақлы нәтийжеси.

***Галат. 6:9-10***- Бизлер әтираптағыларға, әсиресе исениўши туўысқанларымызға жақсылық ислеў ушын барлық мүмкиншиликти пайдаланыўымыз керек.

***Ҳәптелик жоба***

1. Қалташаның тесигине бул курстың соңғы еки аятын Матта 5:16 ҳәм Галат. 6:9-10 - ды жайластырың. Бул ҳәптеде Галат 6:9-10 - ды ядлаң.
2. Г сериядағы ҳәмме аятларды ҳәм Д сериядағы әлле-қашан ядлаған он аяты менен бирге күнде қайталаў ушын қалташаға салың.
3. Бул ҳәптеде үш күнди ажыратың ҳәм усы күнлер аралығында А, Б, В сериядағы аятларды қайталаң (ҳәр күни бир сериядан).

*«Себеби, бизлер Қудайдың дөретпесимиз. Өзи алдын-ала таярлаған жақсы ислерди ислеп жасаўымыз ушын, Ол бизлерди Масих Ийса арқалы жаратты».*

Ефес 2:10.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиндеги ҳәмме алпыс аятты қалай қайталаўға ҳәм цитаталап айтып бериўге болады.***

1. Бир бөлек бетке ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң схемасын ядтан дүзиң. Бес серияның атын, ҳәр бир серияның алты темасы ҳәм ҳәр тема бойынша еки силтемесин көрсетиң.
2. Өзиңиз дүзген схеманы қолланып атырып, аятларды даўыслап цитаталап айтың.
3. Биреўден сиз қалай аятларды цитаталап айтыўыңызды сораң. Тексериўши сиз аятларды карточкалар бойынша қалай цитаталап айтып турғаныңызға сер салсын.
4. Егер сиз цитаталап айтып атырғанда қәтелессеңиз, оларды иркилмей баслағанға дейин қайталаң.
5. Ҳәмме шынығыўларды бир мәртеден ислеў керек. Егер сиз аятларды жақсы билсеңиз, сизге отыз минут әтирапында керек болады.
6. Бул тапсырманы орынламастан алдын Қудайдың жәрдеми ушын дуўа етиң.

**10-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***
   А. 10-сабақ ушын Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға нәсиятты үйрениң ҳәм изертлең (32-б), Матта 5:16 - ны ядлаң.
   Б. Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң ҳәмме алпыс аятын бир реттен цитаталап айтып бериў ушын таярланың (темалары ҳәм силтемелери менен).
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Кейинги ҳәптеге тапсырмалар жоқ.
4. ***Ҳәр түрли:*** «Мухаддес Китапты үйрениў бойынша танысыў сабағын қалай пайдаланамыз» (33-34-б), ал соның менен бирге «Топарда танысыў сабағын қалай өткеремиз: бес этап» (34-43-б) материалын қарап шығың.

# 10-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Жақсы ислер» темасы бойынша екинши аятты қайталаң, Матта 5:16.
2. Сизиң Қудай менен жалғыз қалған ўақытта келген пикирлерди бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. «Мухаддес Китапты үйрениў бойынша танысыў сабағын қалай пайдаланамыз» бөлимин талқылаң (33-34- б).
5. «Топарда танысыў сабағын қалай өткеремиз: бес этап» бөлимин талқылаң (34-43-б).
6. «Танысыў сабағында пайдаланыў ушын берилген мағлыўматлар» (43-47-б) ҳәм «Танысыў сабағына берилген жобаны» (47-б) қарап шығың.
7. *11-сабақ ушын тапсырманы* оқың (48 - бет).
8. 11-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

### ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, оныншы ҳәпте***

Сиз Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң ең соңғы аятын ядлаўды баслайжақсыз. Бул курсты жуўмақлағаныңыз бенен қутлықлаймыз! Бул аятлар сизиң Қудайда өсиўиңизде әҳмийетли болғанын умытпаң.

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

6-ТЕМА. ЖАҚСЫ ИСЛЕР

***Матта. 5:16***-Ийса, бизлердиң жақсы ислеримиз қараңғылықта нур сыяқлы жарқырайды деп айтты. Яқып бизлердиң Масихқа исенимимизди тек ислеримиз бенен дәлийллейтуғынымызды жазған: «Сол сыяқлы, ислерсиз исеним де өз-өзинен өли» (Яқып 2:17).

***Ҳәптелик жоба***

1. Матта 5:16 - ны ядлаң.
2. Ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң ҳәмме алпыс аятының тема ҳәм силтемелерин қайталаў үстинде ислең. Оларды бир мәртеден цитаталап айтып бериўге таярланың.
3. Сиз Мухаддес Жазыўды ядлап алыўды қалай даўам етиўиңиздиң үстинде ойланың. Сиз аятларды өз бетиңизше алыўыңызға ямаса ядлап алыў ушын таза курс баслаўыңызға болады.

*«Балам! мениң сөзлеримди қәстерле ҳәм мениң нәсиятларымды өзинде жасыр. Мениң нәсиятларымды қәстерле ҳәм жаса ҳәм мениң билимимди көзиңниң қарашығындай асыра. Оларды бармағыңа байла, оларды қыйналған жүрегиңе жаз».*

Нақ-мақ. 7:1-3

***Мухаддес Китапты үйрениў бойынша танысыў сабақларын қалай пайдаланамыз***

**БИРИНШИ БӨЛИМ - МУХАДДЕС КИТАП ПЕНЕН ТАНЫСЫЎ**

(Бул бөлимди сабақта жетекши менен бирге ислеў керек).

А. Табысқа ерисиўимиз ушын бизлер Құдайға толық исениўимиз керек.

Силтеме ____________________ Пикир ________________________

______________________________ ______________________________

Силтеме ____________________ Пикир ________________________

______________________________ ______________________________

Силтеме ____________________ Пикир ________________________

______________________________ ______________________________

Силтеме ____________________ Пикир ________________________

______________________________ ______________________________

Б. Бизлердиң күшли ҳәм ҳәлсиз тәреплеримиздиң қандайлығынан ғәрезлилигинен тысқары ҳәр биримиз Хош Хабарды анық айтып билиўге ийе болыўымыз жүдә әҳмийетли.

В. Топарда Мухаддес Китаптың ҳақыйқатлары менен қандай усылда болатуғынына мысаллар.

**ЕКИНШИ БӨЛИМ - ТОПАРДА ТАНЫСЫЎ САБАҒЫН ҚАЛАЙ ӨТКЕРЕМИЗ: БЕС ЭТАП (ҚЫСҚАША БАЯНЛАМА).**

***1-этап: Досласыў***

Сиз исенбеўшилер менен қарым-қатнаста болыўыңыз керек. Олар менен бирге болыўыңыз керек. Сиз ўақтыңызды өткеретуғын адамлар менен ҳәм сизиң олар менен қатнасыңыз-мине усылар сизиң Хош Хабар айтыўыңызда табыслы болатуғынын белгилейди.

***2-этап: Мирәт етиў***

Көплеген масихыйларға Мухаддес Китап бойынша танысыў сабағына исенбеўшилерди мирәт етиў жүдә қыйын ис болып көринеди. Деген менен, әдепли ҳәм бунда исенимли болыўды үйренип, сиз әсте-ақырын уялыў ҳәм қысыныўшылық сезиминен қутыласыз.

*3-этап: Сабақтың дүзилиўи менен танысыў*

Мухаддес Китапты үйрениўди танысыў бойынша топар ағзалары, олардан нени күтетуғынын ҳәм сабақты өткериў тәртиби қандай болатуғынын билиўи керек. Бул себеп бойынша анық түсиндириўлер, сизге олардың алдағы иске қызығыўшылығын ҳәм белсендилигин еле де көбирек өсириўге мүмкиншилик береди.

*4-этап: Талқылаў ҳәм мәнисин түсиниў.*

Мухаддес Китапты үйрениў бойынша мағлыўматларды талқылаў ўақтында жетекши бәсекини өткериўге тек тексерилген усылларды пайдаланыў керек. Соның менен бирге Мухаддес Руўх сабақ қатнасыўшылардың жүрегинде Өз жумысын ислеўине ҳәм оларға Өз ҳақыйқатын көрсетиўине исениўи керек. Алып барыўшы бул жуўапкершиликке кеўил қойып қараўы керек.

*5-этап: Әҳмийетли сәўбетлесиў.*

Исенбеўшиге Масихты қабыл етиўге мүмкиншилик бериў керек. Олар Масихты қабыл етиў ушын сизден жәрдем сораўын күтпең, керисинше, басламаны өз қолыңызға алың ҳәм олар менен өзиңиз-мүләйим түрде, бирақ ашықтан-ашық олардың алдында жатырған таңлаў ҳаққында ҳәм бул таңлаў өзи менен жақсылық алып келетуғыны ҳаққында сөйлесиң.

## ҮШИНШИ БӨЛИМ-УЛЫЎМА ПРИНЦИПЛЕР

1. Сиз жетекши болып олар менен бирге оқыйтуғыныңызды ҳәм оларға лекция оқып басламайтуғыныңызға топардың нәзерин аўдарыў жүдә әҳмийетли.
2. Өзиңизди еркин услаң ҳәм ҳәммеге мийирманлық ҳәм дослық қатнаста болың.
3. Еркин ҳәм ашық жағдайды услаң. Ҳәр бир адам не ойлағанын дурыс айтыў мүмкиншилигине ийе болыў керек ҳәм жуўабы топарда сиз бенен қатнасығына кесент болатуғынына қорқыныш болмаўы керек.
4. Ҳәр бир адамды қандай болса, сондай қабыл етиң.
5. Жетекши сыяқлы, әдиллилик көрсетиң. Топар ағзалары сизден қолланба күтеди ҳәм сиз олардың күткенин ақлаўыңыз керек, бирақ ҳәдден зыят өз абройын ойлаўшылық керек емес.
6. Топар ағзалары белгиленген ўақыт даўамында сабаққа қатнасыўға келисиўи әҳмийетли. Басланыўы ушын алты сабақ өткерилиўи ҳаққында келисиўи жетерли.

*Топарда таныcыў сабақларын қалай өткеремиз: бес этап.*

**1 - ЭТАП: ДОСЛАСЫЎ**

1. Сизиң орталығыңызда өзин еркин сезип атырған ҳәм сиз өзиңиз ким менен еркин сезетуғын адамларды қызықтырыўға ҳәрекет етиң.
2. Өзиңиз бенен улыўма қызығыўшылығы бирдей адамларды табың.
3. Адамлар сизиң исениўши екениңизди билген ўақытта, олар жийи сиз бенен исеним ҳаққында сәўбетти баслаўға ҳәрекет етеди. Ҳәзирги этапта оларды кейинги анығырақ сәўбетке қызығыўшылық оятыў ушын тек руўхый сораўларды талқылаў жақсы.
4. Сабақ қатнасыўшыларын қайтадан тәрбиялаўға ҳәрекет етпең. Сизиң жуўапкершилигиңизге олардың әдетлери ҳәм өмир усылларын өзгертиўи кирмейди. Дәслеп олар Хош Хабарды түсиниўи керек.
5. Сиз адамларды сабаққа мирәт еткен ўақытта, оларға исенимли болып көриниўи ушын кейинги дәлийллерди келтириң:

   а. Бул сабақ неке ҳәм шаңарақты беккемлеўге жәрдем береди.

   б. Сиз «диний фанат» емессиз, ал жөнли адамсыз.

   в. Масихыйлық тәжирийбели ҳәм пайдалы болыўы мүмкин.

   г. Мухаддес Китапта толғаныcқа салатуғын ҳәм қызықтыратуғын, әсиресе ҳәзирги ўақытқа керек нәрселер көп.

   д. Адам Қудай ҳаққында ҳәм Оның қандай екени ҳаққында көп нәрсени билиўге болады.

   е. Мухаддес Китапта күнделикли өмиримизде жақсы пайдаланыўға болатуғын принциплер бар.
6. Сизиң сабаққа келиўи ушын сизге биреў қызығыўшы болып көринсе оны мәжбүр етпең. Бул адамға сиз оның менен тек жеке инсан сыяқлы қызықсынатуғыныңызды түсиндириўге ҳәрекет етиң.
7. Адамлар менен руўхый сәўбетлесиў олардың таярланған дәрежесине байланыслы ҳәр түрли дүзилиўи мүмкин. Усындай сәўбетлесиўди қурыўдың бир неше түрлерин келтиремиз.

   а. Олардың машқалаларын тыңлаң.

   б. Тыңлаң ҳәм олардың машқаласын биргеликте талқылаң.

   в. Тыңлаң ҳәм олардың машқаласын талқылаң, соның менен бирге сизлердиң сәўбетиңизге байланыслы болатуғын Мухаддес Жазыўдан үзиндилерин келтириң.

   г. Ўақыттың ярымын олардың машқаласын талқылаўға, ал басқа ярымын-Мухаддес Китапты талқылаўға алып барың.

   д. Мухаддес Китапты сәўбетиңиздиң тийкарғы темасы етиң.

## 2 - ЭТАП: МИРӘТ ЕТИЎ

Бул этап ғайратлылықты талап етеди, себеби тап енди сиз досларыңызды Мухаддес Китап бойынша танысыў сабағына мирәт етиўге туўра келеди. Төменде сиз ушын пайдалы болып көринетуғын бир неше гәплер келтирилген.

1. Өзи менен арасында жеткиликли улыўмалық бар адамлардан топар дүзиң. Бул есапқа жеке бақлаўларыңызды еске түсириң. Топардың ең қолайлы саны-үш-төрт шаңарақлы жуплар болады (ямаса алты-сегиз жалғыз адамлар).
2. Жаңадан келген масихыйлардың дослары усындай топардың ислери ушын әжайып кандидатура болады.
3. Адамларды сабаққа мирәт етпестен алдын, сизиң мирәт еткениңиз жақсы болыўы ҳаққында бир неше күн даўамында дуўа етиң.
4. Егер сиз хожалықлы жупты мирәт етиўди қәлесеңиз, буны күйеўи ҳәм ҳаялы бар болғанда ислеген жақсы. Усындай мирәт етиўдиң ең жақсы ўақты-қандай да рәсмийшилик емес ҳәм еркин жерде ушырасыў. Мирәт етиў ушын қолайлы ўақытты алыў керек, мысалы, қандай да бир қуўаныш ўақтында ямаса сиз жақсы ҳәзилдиң үстинде күлгеннен кейинги ўақытта.
5. Тек алты сабаққа келиўи шәртлигин белгилең. Сиз өз ўақтында питирип, ал олар өз ўақтында келетуғынына келисип алың.
6. Сизиң мирәт еткениңизге олар бирден «аўа» ямаса «яқ» деп жуўап беретуғынын күтпең. Оларға усынысыңызды бирге ойланып ҳәм талқылаўды усыныс етиң. Соңынан, бир неше күннен кейин бул сәўбетке қайтың. Барлық күткен ўақтыңыз даўамында дуўа етиң. Өзиңизди тәбийий тутып билиң. Шектен тыс қатал болмаң.
7. Оларға сабақтың узақлығы бир саат болатуғынын айтың.
8. Адамларды мирәт еткен ўақытта, сиз сабақта пайдаланатуғын материалыңызды көрсетсеңиз пайдалы болады. Олар не ушын шуғылланатуғыны ҳаққында түсиник алыўы ушын оларға жетерли дәрежеде таныстырың. Олардың өзи менен бирге Мухаддес Китапты алып келиўин сораң.
9. Оларға сабақта және басқа да шаңарақлы жуплар ҳәм жалғыз адамлар қатнасатуғынын айтың. Олар ол жерде және биреўдиң барын билип өзин еркинсиз сезетуғын болады. Егер олар сизиң досларыңыз болса, сабақты бир адам менен ямаса шаңарақлы жуп пенен әжайып шөлкемлестириўге болады. Деген менен көп санлы қатнасыўшы топарда сабақ қызықлырақ ҳәм белсендирек өтеди.
10. Сабақты өткериўде топардың ҳәр түрли ағзаларының үйине жыйналып орнын өз ўақтында өзгертиў мақсетке муўапық болады. Бундай жағдайда сабақтың шөлкемине пул салса болады.

11. Мүмкин, биринши сабақты қарама-қарсы жағдайда келе алмайтуғын адамның үйинде өткерген жақсы болады. Басқа түри-сабақты балалары ушын үзликсиз күтим талап ететуғын ҳәм үй ийелери шығып кетиўи қыйын болған жерлерде өткериў. Егер сабақ кешки 8:00 ямаса 8:30 да басланатуғын болса, онда балаларды сол ўақытқа уйықлаўға жатқарса болады (Соның менен бирге балаларды бир бөлек бөлмеде қарап отырса да болады, бирақ сөзсиз сабақ өтетуғын бөлме арқалы балалар жүрмейтуғын етип ислең. Бул жүдә алағада етиўи мүмкин).
12. Сабаққа еки масихыйдан артық қатнаспасын ҳәм әлбетте масихыйлар исенбеўшилер өз пикирин айтыўға кесент бермеўин ямаса олардың сораўына талқылаў ямаса таң қаларлық анық түсиндириў менен жуўап қайтарың.

## 3 - ЭТАП: САБАҚТЫҢ ДҮЗИЛИЎИ МЕНЕН ТАНЫСЫЎ

1. Топардың биринши сабағы танысыў мақсети менен өткериледи. Бул сабақ қатнасыўшыларға не менен шуғылланатуғыны ҳаққында түсиник болыўы керек, бул олардың ҳәр бир сабаққа қызығыўшылық ҳәм қәлеў менен келиўге алға умтылдырыўы керек.
2. Мүмкин, биреўи сиз еле таныс болмаған достын өзи менен бирге алып келер. Миннетли түрде олар менен танысың ҳәм соның менен олардың атларын ядлап алың.
3. Сабақ ушын қолайлы жағдайлар жаратыўға ҳәрекет етиң. Биринши ушырасыўдың әҳмийетлиси-топарда еркин ҳәм унамлы жағдай дүзиў.
4. Сабақ бир саатқа созылыўы керек. Егер ол көбирек созылса, жумыстың нәтийжелилиги төменлеўи мүмкин.
5. Дәслеп ҳәр бири өзи ҳаққында азғана айтып берсин, аты ким, ол қайсы жерде өсти, ҳәзир не менен шуғылланады. Топарда ҳәр бири сораўын бере алыўы ушын еркин жағдай болыўы керек. Өзиңиз ҳаққында биринши айтып бериң (сонда басқаларға не ҳаққында айтып бериўди үйрениў аңсат болады).
6. Сабақ қатнасыўшыларына Мухаддес Китаптан керекли китаплар ҳәм үзиндилерди қалай табыўын көрсетиң (Егер биреўде Мухаддес Китап болмаса ямаса биреўи оны өзи менен алып келиўге умытып кеткен жағдайда Мухаддес Китаптың бир неше данасының аўысық болғаны жақсы). Оларға Мухаддес Китаптың мазмунын көрсетиң ҳәм Ески ҳәм Жаңа Келисим қандай китаплардан туратуғынын айтып бериң.
7. Топар ағзалары сабақта жазылған үзиндилерди силтемелери бойынша табыўды үйрениўи ушын силтемелерди қалай пайдаланыўды түсиндирип бериң. Буны биринши сораўды талқылаған ўақытта ислең. Сабақ ушын материалды үлестирип бериң ҳәм оны биргеликте ислең.
8. Материалдың үстинде ислеў бойынша бир неше қосымша қолланбалар бериң.

Мысалы:

а. Сиз толық түсинбейтуғын сораўларды қалдырың. Бизлер оларды кейинги сабақта бирге жуўап беремиз.

б. **Ҳәр биреўи өз тапсырмасын өзи орынлаўы керек. Хожалықлы жуплар екеўи бир бетти пайдаланбаўы керек (**Ҳәр бири егер жумысын өзи орынласа, үлкен пайда алатуғын болады).

в. Бизлер биргеликте оқыўымыз ушын жыйналамыз. Ақылсыз сораў ямаса ақылсыз ескертиў сыяқлы түсиник болмайды.

г. Бизлер дәслепки еки тезисти қабыл етемиз ҳәм олар жумысымыздың тийкар етип алынған принциплери болады.

1) Қудай бар (тиришилик етеди)

2) Мухаддес Китап бизлердиң сабағымыз ушын абройлы булақ.

д. Сиз бир сабақты да қалдырмаўыңыз әҳмийетли. Олар бизлерде азғана болады ҳәм соның ушын ҳәмме олардың ҳәр бирине келе алыўы мүмкин. Бул талқылаўды еле де нәтийжели етеди ҳәм бизлер бәрқулла истиң жағдайынан хабарлы боламыз.

9. Кейинирек сиз Мухаддес Китап бойынша сабақтың кирисиў бөлиминдеги биринши алты сораўдың үстинде биргеликте ислесеңиз болады. Егер ўақыт бар болса, көбирек ислесеңиз де болады. Ҳәммеңиз сораўларға жуўаб туўры келетуғын силтемелерди табыўыңыз керек. Ҳәр бирине ойланыў ушын жетерли ўақыт берилгеннен кейин, бул ушын қалдырылған бос қатарларға сораўдың жуўабын жазың. Кейин сораў изинен сораўды таллаўды даўам етиң.
10. Мүмкин, сизде қатардағы оқыўшы ушын түсиникли жазылған апологетика әдебияты, яғный, келип шығыўын қорғайтуғын масихыйлық әдебият бар шығар. Егер керекли деп есапласаңыз-оны биринши сабақта пайдаланың.
11. Барлық сабақ даўамында жыллы ҳәм дослық жағдайды услап турыў әҳмийетли. Әдетте усындай ҳәм басқа сабақлардан кейин шай ишиў болады, бул ўақытта Мухаддес Китап ҳәм сабақтың темасынан тысқары және бир нәрсе ҳаққында сөйлескен жақсы, әлбетте, егер биреў бул ҳаққында сөйлесиўди баслаўды қәлемесе. Бул ўақытты мақсети бар сәўбетке пайдаланыўға болмайды. Ҳәммени қызықтыратуғынын жеке нәрсе ҳаққында дослық ретиндесөйлесиўге ҳәрекет етиң. Адамлар тарқасып атырған ўақытта оларға бирге өткерген ўақыт унамлы болғанын ҳәм сиз жаңа ушырасыўды шыдамсызлық пенен күтетуғыныңызды айтың. Кейинги сабақтың орнын ҳәм ўақтын және бир мәрте есине салың.

## 4 - ЭТАП: ТАЛҚЫЛАЎ ҲӘМ МӘНИСИН ТҮСИНИЎ

1. Кирисиў сабақтың биринshисинде адамларға Хош Хабардың тийкарын жеткериўдиң және бес мақсети бар.

2. Есиңизде болсын, исенбеўшилер әдетте өзлерин жәмәәтте қолайсыз сезгени сыяқлы, сабақты үйде өткерген жақсы.
3. Күнде сабақты баслағанда, сәлемлесиў ушын қарым-қатнас ҳәм бир-бири менен кейинги танысыўды даўам етиўге ўақыт ажыратың. Сабақ басланаман дегенше тыныш нама қойып бериң. Бул ушырасыў бөлегин қуўанышлы, рәсмий емес жағдайда болыў керек. Буған 15-минут әтирапында ўақыт ажыратың.
4. Егер күйеўи ҳәм ҳаялы сабақты бирге өткерсе, күйеўи бөлмениң бир тәрепинде, ал ҳаялы басқа тәрепинде отырғаны жақсы болады. Күйеўи сабақты алып барған ўақытта топар қатнасыўшыларының нәзери оған қаратылған болады, бунда ҳаялы олардың реакциясын бақлаўына болады. Сабақтан кейин ол күйеўине берилген мағлыўматқа адамлар қалай итибар бергенине баҳа бериўде жәрдем береди (Деген менен, егер адамларға сизиң айырым-айырым отырғаныңыз ерси көринсе, онда буны ислеўдиң кереги жоқ).
5. Кейинирек алып барыўшы топар бул сабаққа үйге тапсырманы қәншелли жақсы орынлағанын анықлаўы керек. Соның менен бирге Мухаддес Китабы болмағанлар ушын оның бир неше данасы болыўы шәрт. Мүмкин, сабақ материалларының қосымша даналары керек болар.
6. Енди алып барыўшы материалды шөлкемлестириў керек.

   А. Сабақ қатнасыўшыларына қыйыншылық келтиретуғын сөзлерди түсиндириўге таяр болың.

   Б. Топарға ақылсыз сораў ҳәм ескертиўдиң жоқ екенлигин ҳәм олар уялмай сораўларын бериўине ҳәм өз пикирлерин айтыўына болатуғынын ескерткен жақсы.

   В. Егер топардың ҳәммеси таярланбаған болса, кейинги түрлердиң биреўин пайдаланып көриң:

   1) Топар менен биргеликте сораўлардың биринен кейин бирин талқылаң ҳәм түсинип алың.
   2) Ҳәр бири сабақтың бир бөлиминдеги ҳәмме сораў-жуўабын жазсын, кейин оларды биргеликте талқылаң.
   3) Тек бир неше сораўларды талқылаң. Қалған сораўлардың үстинде топар ағзалары кейинирек үйинде ислесе болады. 43-бетте берилген материалды қарап шығыў ушын, кейинги сораўларды пайдаланса болады: «Ийса Масихтың туўылыўы»-1,2,3,7,9,11,15,16-сораўлар.
   4) Қатнасыўшылар бир неше бөлимди өз бетинше ислесин. Ҳәр бир бөлимниң үстинде исленген жумыстың жуўмақланғаны бойынша жуўапларын биргеликте талқылаң.
   5) Сабақ қатнасыўшыларының арасында сораўларды бөлисип алың. Мейли олар өз бетинше ислесин. Кейин ҳәр бир сораўды өз бетинше талқылаң.

г. Егер топар сабаққа таярланған болса, тапсырманың ҳәмме сораўларын бириниң изинен бирин талқылаң.

1) Сораўларға байланыслы талқылаў ўақтында қатнасыўлардың қәлеўи бойынша, я болмаса ҳәр бирине өз жуўабын айтыўына мүмкиншилик бериң.

2) Сабаққа түсиниў ушын сораўлардың бир нешеўин таярлаң.

3) Топар қатнасыўшылары жақсы ислеген болса, оларға қарата мақтаўын жеткериң.

3) Ҳәр биринде сораўлары, жуўаплары, гүманлы пикирлери ямаса талқыланып атырған материал менен байланыслы қандай да бир жеке пикирин бөлисиўге мүмкиншилик болыўы ушын еркин жағдайды услаң. Еркин жағдайды дүзиў мынадай жағдайда болады, егер сиз...

- олар қандай болса да сораўларға ҳүрмет пенен қарасаңыз.
- өз қәтеңизди ямаса сиз өзиңиз бир нәрсени түсинбегениңизди мойынлап үйренсеңиз
- топар ағзаларының сизге қарата қорқытыў сыяқлы қандай да сөзлерди қабыл етпесеңиз.
- топар ағзаларына сиз олардың ҳәр бириниң қатнасыўын баҳалайтуғыныңызды түсиниўине жәрдем берсеңиз.
- өз-өзиңиз бенен қалып өзиңизди әпиўайы усласаңыз.
- өзиңиздиң ески сәтсизлигиңиз ҳаққында айтып бериўге қорқпаң.
- топар ағзаларын зейинлилигин көрингенине ҳәм ҳәр түрли табыслары ушын оларды мақтасаңыз (Егер сиз оларға қандай да жерлерде олардың табысқа ерисе алатуғынын сезиўге рухсат бериң, сонда олар өзлериниң басқа жериндеги ҳәлсизликлери ҳаққындағы сәўбетке көбирек зейинли болады)
- олардың жуўапларын ямаса пикирлерин жақсы түсиниў ушын қосымша сораўлар бересиз.
- күле шырай бересиз
- сораўларға тек сиз жуўап бериўиңиз керек екен деп есапламасаңыз.

Топардың ҳәмме ағзалары көбирек белсендилик көрсетиўи керек.

- топарда ашық жағдай болыўы ҳаққында дуўа етиң.

4) Сизиң тийкарғы мақсетиңиз ҳәр бирин масихый болыўына исендириў емес, ал талқылаў барысында оның қатнасыўлары материалды жақсы үйренип алыўы. Ҳәр бир қатнасыўшы үйренип атырған тема бойынша Мухаддес Китап не айтып атырғанын түсиниўи керек.

## 5 - ЭТАП: ӘҲМИЙЕТЛИ СӘЎБЕТЛЕСИЎ

Егер сиз топар ағзаларына Хош Хабарды анық жеткерген болсаңыз, сабақта еркин ҳәм ашық жағдайды дүзсеңиз, ҳәр бир адамға сиз оның досты екениңизди сезиўге мүмкиншилик берген болсаңыз, онда Масихты қабыл етиў ҳаққындағы әҳмийетли сәўбетлесиў узақ ҳәм жағымсыз болмайды. Ол тәбийий ҳәм еркин өтеди.

Көплеген масихыйлар исенбеўшилер менен Хош Хабар ҳаққында сөйлесиўге туўра келген ўақытта олар бираз тынышсызлықты, ҳәттеки қорқынышты бастан кеширеди. Егер сизде усыған уқсас сезимди бастан кеширсеңиз, буны затлардың тәртиби деп есаплаң.

Бул сәўбетлесиў топардың танысыў сабағының соңында ямаса кейинирек айырықша дүзиледи. Егер сиз топардағы ҳәмме исенбеўшилер Масихты қабыл етиўге таяр екенин сезсеңиз, онда топардағы мақсетке муўапық болыўы мүмкин. Егер биреў таяр, ал биреў таяр болмаса, онда сизге ким таяр болғаны менен айырықша сөйлесиўиңиз керек болады ҳәм оларға жүзбе-жүз сәўбетлесиўде Масихқа исениўине мүмкиншилик бериўиңиз керек.

Егер сиз соңғы сабақты басласаңыз ҳәм еле топарда ямаса ҳәр бир қатнасыўшы менен бир бөлек сәўбетлесиў өткериўди шешпеген болсаңыз, онда кейинги сораўларды берип буны анықлаўға ҳәрекет етиң:

- сиз бул сабақ ҳаққында не ойлайсыз?
- сизге қызықлы болды ма?
- олар сизге пайда келтирди ме?

Ҳәр бири уялмай өз пикирлерин айтсын. Бул сизге адамның Масихты қабыл етиўине қәншелли таяр екенин түсиниўге жәрдем береди. Мүмкин, сиз биреўдиң Хош Хабарды толық түсинбегенин, ал биреўлер әлле-қашан Масихқа өзи келгенин көресиз.

**Топардағы сәўбетлесиў.**

Егер сиз топардың ҳәммеси менен бир ўақытта сәўбетлесиў өткериўди шешсеңиз, онда сиз оны басласаңыз болады, мысалы, былай:
«Өз пикирлериңиз бенен бөлискениңиз ушын рахмет. Бәлким, бул ушырасыўларды бизлер бийкарға өткермедик. Маған ҳәм ҳаялыма сиз бенен қатнасыў ҳәм ислесиў жүдә унады.
Бизлер айырылыспастан алдын бизлер биргеликте дуўа етиўди қәлеймиз. Егер сиз бенен бирге усындай сабақларға келген биреў: «Мен мәңгилик өмирге ийе болғаныма исенимли болыўды қәлеймен. Мен ҳақыйқый исениўши екениме исенимли болыўды қәлеймен. Усындай исенимге ийе болыў ушын мен не ислеўим керек?»-деп сораса, сиз не ислер едиңиз. Егер биреў сизге усындай сораў менен жолықса, сиз не ислер едиңиз? Сиз оның дуўа етиўине жәрдем бериўиңиз керек, соның менен бирге Масихты

өмирине кириўге шақырыўына жәрдем бериўиңиз керек. Бирақ, буны қалай ислеймиз? Бүгин бизлер сизге усындай адамға бизлер қалай жәрдем бере алатуғынымызға мысал көрсетиўди қәлеймиз. Бир неше минуттан кейин бизлер биргеликте даўысымызды шығарып дуўа етемиз. Мен гәпти бир-бирден айтып тураман, ал сиз мениң изимнен қайталаң.
Сизлердиң гей биреўлериңиз Масихты қабыл еткенине ҳәм мәңгилик өмирге ийе екенине исенимли шығар. Басқаларға да солай көринеди, бирақ олар исенимли емес. Ал сизлердиң биреўиңиз Масихты еле қабыл етпегенин анық биледи, бирақ буны ҳәзир ислеўди қәлейди. Сиз қандай топарда қатнассаңызда, бәри бир шын кеўилден, жүректиң төринен усындай дуўа етиў менен байланыссаңыз болады.
Солай етип, сизиң Масихты қабыл етиўине жәрдем бериўге ҳәрекет етип атырған адамның дыққатын қызықтырыўдың не кереги бар? Сиз бирге үйренген Хош Хабардың тийкар болатуғын ҳақыйқатларына исенгенин ҳәм түсингенине көз жеткериўиңиз шәрт:

- Бизлер ҳәммемиз гүна иследик ҳәм өзимизди Қудайдан айырдық.
- Дурыс емес ҳәрекет ушын төлем-мәңгилик өлим.
- Бизлерди бул жазадан азат етиў ушын Масих өлди.
- Бизлер өзимиз Масихты өмиримизге кириўине шақырыўымыз керек, соның менен бирге Оның өмир сыйын қабыл етиўимиз керек.

Бизлер даўамламастан алдын, ҳәмме сәўбетлесиўден кейин сизде бул тема бойынша талқылаўларды қәлейтуғын және бир неше сораўлар қалды ма? Үйренген ҳақыйқатларды ҳәммемиз түсиндик пе? Бул ҳақыйқатларға исенемиз бе? (Енди иркилис ислең ҳәм олардың сөйлесиўине мүмкиншилик бериң).

**Масихты қабыл етиўдеги дуўа етиў.**

Дуўа етиў ўақтында адасып кетпеў ушын кейинги жобаны услаң:

- Қудайдың сүйиспеншилиги ушын миннетдаршылық.
- Өзиниң гүналы екенин түсиниў ҳәм исениў.
- Гүна ушын төлем-мәңгилик өлим екенин түсиниў ҳәм исениў.
- Масих бизлерге қутқарылыў әкелиў ушын өлгенин түсиниў ҳәм исениў.
- Масихты жүрегимизге мирәт етиў.
- Қудайдың сүйиспеншилиги ушын миннетдаршылық.

Мине усындай жоба бойынша дүзилген дуўа етиўдиң үлгиси:

«Жүдә тез арадан бизлер ҳәммемиз басымызды дуўа етиўге ийемиз. Мен гәпти айтаман, ал сизлер ҳәммеңиз оны мениң изимнен даўыслап ҳәм солай ҳәмме дуўа етиў даўамында қайталаң. Егер сиз бул дуўа етиў сөзлерин

ҳадал, шын жүректен айта алмайтуғыныңызды сезсеңиз, онда үндемең, бирақ мен бизлердиң ҳәр биримиз шын жүректен дуўа ете алады деп ойлайман.

Басымызды ийемиз. Илтимас мениң изимнен қайталаң:

Аспандағы Әкем. Сениң маған деген уллы сүйиспеншилигиң ушын,

Сениң жалғыз Улың мен ушын көп нәрсени бастан кеширгени Сениң еркиң болғаны ушын миннетдарман! Сениң маған деген уллы сүйиспеншилигиң ушын миннетдарман. Мен надурыс ислегенимди ҳәм соның менен бирге Саған азап ҳәм қапашылық жеткизгенимди түсинемен ҳәм исенемен. Мен гүна ислегенимди ҳәм Сени менсинбегенимди билемен. Мен және надурыс ислеримниң төлеми-мәңги өлим екенин түсинемен ҳәм билемен. Мен Сениң минсиз Қудай екенинди ҳәм мен билемен Сен Қудайсаң. Сениң мухаддеслигиң шексиз, ал мен минсиз емспен ҳәм мен ислеген ислериме кеширим алмай турып, Сениң қасыңа ҳеш қашан кире алмайман.

Мен Сениң Улың Ийса Масих мениң гүналарымның төлеминен азат болыўым ушын атанақ ағашта өлгени ушын Саған миннетдарман. Ол мениң бул төлемнен азат болыўымды ҳәм мәңгилик өмирге ийе болыўым ушын мениң гүналарым ушын өлгенин түсинемен ҳәм исенемен. Ийса Масих егер Сен буны ислемеген болсаң, тап ҳәзир мен Сени жүрегиме ҳәм өмириме кириўинди мирәт етемен. Сениң бәрҳама мениң менен бирге екениңе исениўди қәлеймен. Сен ўәде еткен мәңгилик өмир сыйын маған ҳәзир жибер.

Булардың ҳәммесин мен шын кеўилден, Сениң маған деген сүйиспеншилигиң ушын шын жүректен миннетдаршылық пенен дуўа етемен. Ийса Масихтың аты менен дуўа етемен. Аўмийин».

**Олардың исенимли болыўына жәрдем бериң.**

Сиз топардағылардың ҳәммеси менен дуўа етип болғаннан кейин сизге олардың қутқарылғанына исенимли болыўына жәрдем бериўиңиз керек болады. Сиз кейинги мысалдай етип айтсаңыз болады:

«Женя, илтимас, Юханның 1-хаты 5:11-12-ни аш ҳәм бизлерге бул үзиндини оқып бер». Үзинди оқып болынғаннан кейин, былай айтса болады: «12-аятта қандай еки түрдеги адамлар ҳаққында айтылған?».

Жуўап: (1) Мәңгилик өмирге ийе адамлар ҳәм (2) мәңгилик өмирге ийе емес адамлар. Мүмкин мынадай жуўап та болады: (1) Улға ийе болғанлар ҳәм (2) Улға ийе емеслер. Адамлардың бул еки гәпке дыққат аўдарыўы сийрек болады. Олардың қайсы бирин атап өтпең, сизлер былай айтасыз: «Аўа, дурыс, бирақ бул аяттан келип шығып басқаша етип жуўап берсе болады». Мүмкин сиз оларды астыртын айтыўыңызға туўра келер. Сиз нени нәзерде тутып турғаныңызды олар түсинген ўақытта олардың ақыллылығы ушын мақтаўды умытпаң: «Дурыс! Солай етип, Улға ийе ҳәм Улға ийе емес

адамлар бар. Мәңгилик өмирге ийе ҳәм мәңгилик өмирге ийе емеслер бар. Енди келиңлер Аян 3:20-ны оқыймыз, илтимас, оқып жибериң».

Үзиндини оқып болғаннан кейин, былай айтса болады: «Бул аятты қәтеси менен цитаталап айтып бериўиме рухсат бериң: «Мине, Мен қапы алдында қағып турман. Егер кимде ким даўысымды еситип, қапыны ашса, оның үйине кириўим мүмкин. Мен оның менен, ол Мениң менен бирге аўқат жеймиз». Мен айтып атырғанымның қайсысы надурыс? Ийса «мүмкин» деп айтқан жоқ, керисинше, егер бизлер Оннан илтимас етсек киретуғынына ўәде берди. Егер исениуге болатуғын улыўма сөз болса, бул Масиҳтың Сөзи.

Биз Масиҳты жүрегимизге шақырдық па? Аўа! Ол жүрегимизге кирди ме? Егер бизлер не ҳаққында дуўа еткенимизге шын жүректен исенсек,онда аўа. Жүрегинде Масих болған ҳәр бир адам мәңгилик өмирге ийе»

Енди қайта-қайта олардың мәңгилик өмири бар екенин қайталаўдың кереги жоқ. Қутқарылғанына исеним бериў-Мухаддес Руўхтың иси. Сиз әлле-қашан оларға Мухаддес Руўх пайдалана алатуғын Мухаддес Жазыўдан гуўалықлар көрсеттиңиз.

**Бизлерге сабақты даўам етиў керек пе?**

Егер сабақ даўамында қатнасыўшылар оған үлкен қызығыўшылық көрсеткен болса, онда олардың гей биреўлери усыған уқсас топарларда шуғылланыўды қәлейтуғын шығар. Егер усындай нийет ҳәммеде болса, онда оларға «Оқыўшылық этапы 1-китап» сыяқлы материал бойынша курс сабағын усыныс етсеңиз болады. Енди «бәрқулла» бир қәлипли сабақты өткеретуғыныңызды ҳеш қашан айтпаң. Сабақты үзликсиз өткериў сизиң махсетиңиз болып қалмасын, соның ушын сабақтың шегарасынан шығып жобалар дүзиң ҳәм өз алдыңызға пүткиллей анық тапсырмалар қойың, мысалы, сол ямаса басқа курсты үйренип алыў.

Егер сиз топардағы гей бир адамлардың сабақты даўам етиўин қәлемейтуғынын сезсеңиз, онда сораўды соншелли үзил-кесил қойсаңыз болады. Сиз сабақ қатнасыўшыларына егер олардың ўақты ҳәм нийети болса, және бир курс ислеўине мүмкиншилик барлығын айтсаңыз болады. Кейин буны ҳәр бири буны өз шаңарығында ойланып көриўин, ал кейин сизге қоңыраў етип ҳәм өз шешимин жеткериўди усыныс етиң. Сиз соның менен бирге және бир серия сабағын өткериў ушын ўақтыңыз бар мА, жоқ па соны қарап шығатуғыныңызды қосып айтсаңыз болады.

Бул шуғылланыўды қәлемейтуғын адамларға өз қарсы жууўабын әдепли ҳәм сыпайы билдириўге мүмкиншилик береди. Ал сабаққа қатнасыўшы адамлар ҳәммесин жақсы ойланып ҳәм ақырғы шешимди қабыл етеди. Сизге өз топарыңызды даўам еткиси келмейтуғын адамлардың орнын басқа топар адамлары менен толтырыўыңызға туўра келиўи мүмкин. Ким сизиң

пикириңизше руўхый дәрежели ҳәм өзин топарда қолайлы сезетуғынын таўып мирәт етиң.

**Жеке сөйлесиў**

Егер сабақ жуўмақланғаннан кейин топардың ҳәммеси менен сәўбетлесиў өткериўди шешкен болсаңыз, сизге ҳәр бири менен айрықша ямаса ҳәр бир шаңарақ пенен сөйлесиўиңиз керек болады. Оларға қоңыраў етиң ҳәм сиз оларға қашан бара алатуғын ўақтыңыз ҳаққында келисиң ямаса олардың өзлери сизиң үйге бир чашка чай ишиўге келиўин сораң. Сиз оларға ушырасыў мақсетиңиз ҳаққында дәрриў айтың. Олар дүзилетуғын сабақ бойынша не ойлайтуғынын ҳәм олардың усындай сабақларды қалай талқылаўға болатуғынын олардың усынысларын еситкиңиз келгени ҳаққында айтың. Бул ҳаққында телефонда айтыўға болмайды. Сизде жүзбе-жүз сөйлесиўге ҳәм байланысыўға мүмкиншилик болыўы керек. Ушырасыў ўақтын балалар уйқыға жатқанда белгилеген жақсырақ (Соның ушын олардың үйинде ушырасқан жақсы болады).

Сәлемлесиўден кейин улыўма темаға сәўбетлесиўин топардағы ҳәмме менен сәўбетлескен усыл менен пайдалансаңыз болады. Сизге олардың сабақ ҳаққында не ойлайтуғынына қызықсыныўыңызға, ал кейин олар Масихты өзи қабыл етиўди қәлейтуғын адамларға қалай жәрдем беретуғынын билетуғынын сораўыңыз керек. Кейин олар менен Масихты қабыл етиўдеги дуўа етиўди талқылаң. Биргеликте дуўа етиўди усыныс етиң ҳәм оларға аўа деп айтыўға мүмкиншилик бериң. Дуўа етиўди өткериң ҳәм егер сиз буны топарда ислеген болсаңыз, сол усылда қутқарылғанына исенимли болыўы ҳаққында сөйлесиң. Оларға сабақты даўам етиў мүмкиншилиги ҳаққында ойланып көриўин усыныс етиң.

***Танысыў сабақларында пайдаланыў ушын берилген мағлыўмат***

Мухаддес Китап бойынша алты танысыў сабақ даўамында кейинги мағлыўматлардан пайдаланса болады:

1. «Ийса Масихтың туўылыўы». Бул сабақ жаңадан туўылғанларға арналған ҳәм жылдың қәлеген ўақтында Мухаддес Китапты үйрениў ушын жақсы кирисиў материалы хызмети болады. Усы материал менен топар ағзаларын биринши кирисиў сабағында таныстырыўға болады, ал екинши сабақта олар әлле-қашан керекли тапсырмаларды орынлап болғаннан кейин анығырақ талқылаң. «Ийса Масихтың туўылыўы» сабағы ушын материалдың ҳәммеси 86-88-бетлерде берилген. Ҳәр бир қатнасыўшыда усы материалдан пайдаланыў мүмкиншилиги болыўы ушын бир неше ксерокопия ислеген жақсырақ.

2. «Ийса Масих деген ким?», «Ийса Масихтың нийети» ҳәм «Масихтағы мәңгилик өмир». Бул үш бап «Масихтағы жаңа өмир» китабынан, ол «Навигатор» шөлкеми тәрепинен шыққан «Мухаддес Китапты үйрениў ҳәм масихыйлардың өмири». Мухаддес Китап бойынша серия сабақларының биринши китабы. Жоқарыда атап өтилген баплар Мухаддес Китап бойынша қалған танысыў сабақларына жақсы материал болады. Олар Ийсаның Ким болғанын, Оның атанақтағы өлими нени билдиретуғынын, мәңгилик өмирге қалай ийе болатуғынын түсиниўге жәрдем береди (Усы баплардың үзиндилери 44-47-бетлерде берилген). Сиз топарды бул материал менен екинши сабақта таныстырсаңыз болады.

Сиз «Навигатор» шөлкеминиң басқа да материалларын Юхан жазған Хош Хабарға тийкарланған «Мухаддес Китап бойынша Хош Хабар айтыў сабағындағы алып барыўшы ушын қолланба»ны, сондай-ақ «Қудай, адам ҳәм Ийса Масих», кейинги сабақлардан туратуғын: «Қудай ҳақыйқаттан да бар ма?» ҳәм «Адам менен не болады?» ҳәм «Ийса Масих деген ким?» китапларын пайдалансаңыз болады.

***«Ийса Масих деген ким?» бабынан үзинди.***

*«Мухаддес Китап ҳәм масихыйдың өмири» сериясындағы 1-китаптың «Масихтағы жаңа өмир» китабының 1-бабының кирисиў сораўлары.*

Бизлер жаңа адам менен танысқан ўақтымызда, бизлерде әдетте «Ол ким?» ҳәм «Ол не менен шуғылланады?» деген еки сораў пайда болады.

Бизлер Ийса Масих ҳаққында билим алыў ушын Мухаддес Китаптан оқыған ўақтымызда, бизлер де усындай сораўлар бериўимиз мүмкин. Бир күни Ийсаның Өзи Өз шәкиртлеринен сорады: «Адамлар Мени, Адам Улын ким деп санайды?» (Матта 16:13). Олар бир неше қәте пикирлер келтиргеннен кейин, Ол оларға бурылды ҳәм «Ал, сизлер Мени ким деп санайсызлар?»-деп сорады.

Бул сораў сол ўақытта әҳмийетли болады ҳәм ҳәзир де әҳмийетли болып қалады. Оған жуўапты масихыйдың исениминиң тийкары қурайды ҳәм сол сабақтың темасы болып табылады.

## ОНЫҢ АДАМЛЫҚ ТИЙКАРЫ

1. Галат 4:4-ти оқың. Елши Павел Қудайдың Улы Ийсаның туўылыўын қалай баянлады? Жуўап үлгиси: *Ол Қудайдан жиберилди ҳәм ҳаялдан туўылды.*
2. Ийса қайсы жерде туўылды? (*Матта 2:1*-ди оқың).

_______________________________________________

(Ийса Масихтың туўылыўының аныңырағы Матта 1:18-2:12 ҳәм Лука 1:26-

2:20-да келтирилген).

3. Ийсаның балалығы басқа балалардың балалығы менен салыстырғанда, қандай болды? (Лука 2:52).

___

___

___

4. Ийса шөлистанда ораза тутқаннан кейин Оның жағдайы қандай болды? (Матта 4:2).

___

___

___

5. Юхан 4:6-ны оқың. Бул үзиндиде Ийсаның адамлық тийкары қалай көрсетилген?

___

___

___

6. Ийса күни бойы адамларға билимин үйреткеннен кейин не иследи? (Марк 4:38)

___

___

___

7. Ийса Өзиниң досларының қыйыншылыққа дуўшар болғанын көрген ўақытта Ол қыйналғанын қалай көрсетти? (Юхан 11:35).

___

___

___

***«Ийса Масихтың мийнети» бабынан үзинди.***

*«Мухаддес Китап ҳәм масихыйдың өмири» сериясындағы 1-китаптың «Масихтағы жаңа өмир» китабының 2-бабының кирисиў сораўлары.*

Ийса не иследи? Ол аўрыўларды шыпалады, өлилерди тирилтти, аш топарды тойдырды, гүнәкарлардың ҳәм қатардан шыққанлардың досты болды. Оның аўзынан тыңлаўшыларын таң қалдыратуғын даналық ҳәм бийлик пенен орынланған сөзлер шықты. Ким Оны билгенлердиң ҳәммесине үлги болып гүнасыз өмир сүрди. Кейин Ол Өзин әпиўайы жынаятшы сыяқлы жазалаған душпанларының қолына тапсырды.

Ийсаның өмири ҳәм Оның билими әҳмийетли, бирақ Оның келиўиниң ең әҳмийетли мақсети Оның өлиминде, қайта тирилгенинде ҳәм көтерилиўинде ашылды ҳәм усы сабақтың темасы болып табылады.

## ОЛ БИЗЛЕРДИҢ ГҮНАЛАРЫМЫЗ УШЫН ӨЛДИ

1. Матта 1:21-ди оқың. Периште Оның туўылыўы ҳаққында билдирген ўақытта, ол Ийсаның дүньяға келиўиниң мақсети ҳаққында не деди?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

2. Матта 16:21-ди оқың. Ийса Өзиниң Ерусалимге барып диний муғаллимлерден ______________________, ал кейин ______________ ҳәм үшинши күни ______________________ Өз шәкиртлерине билдире баслады (*Матта 16:21*).

3. Ийса қандай өлимди бастан кеширди? (Матта 27:38).

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

Ол қандай адамлар менен бирге өлиўине туўра келди? (Матта 27:38).

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

(Ийсаның үстинен ҳүким ҳәм Оның қалай өлгени ҳаққында баянлама Лука 22:23 ҳәм Юхан 18:19-да берилген).

4. Қудай ҳәмме адамлар ҳаққында не дейди? (Рим 3:23).

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

5. Масих адамларға Қудайдың сүйиспеншилигин қалай көрсетти? (Рим. 5:8).

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

***«Масихтағы мәңгилик өмир» бабынан үзинди.***

*«Мухаддес Китап ҳәм масихыйдың өмири» сериясындағы 1-китаптың «Масихтағы жаңа өмир» китабынын 3-бабының кирисиў сораўлары.*

Адамлар ҳәмме ўақыя даўамында өлимнен кейинги өмирдиң сырын билиўге тырысты. «Бир неше қысқа жыллардан кейин ҳәр биримиз мәңгиликтиң алдында турамыз. Мәңгилик өмир деген не?» Оны ким таба алады? Буған қалай исенимли боламыз? Мухаддес Китап усы сораўларға жуўап береди.

**ОНЫҢ ДЕРЕГИ НЕДЕ?**

1. Юхан 14:6-ны оқың.

   А. Ийса Өзи ҳаққында не дейди?

   ______________________________________________

   ______________________________________________

   ______________________________________________

   б. Қудайға көп жоллар барлығы ҳаққындағы көз-қарасқа қарамастан, Ийса не деди?

   ______________________________________________

   ______________________________________________

   ______________________________________________

2. Елшилер 4:10-12-менен келисип, мәңгилик өмирдиң жалғыз дереги ким болып табылады?

   ______________________________________________

   ______________________________________________

   ______________________________________________

3. Юхан 3:36-ны оқың. Масихқа исениўшилер ______________________ ийе болады, ал исенбеўшилер өмирди көрмейди, бирақ

   ______________________________________________

4. Юхан 17:13 –те Ийса мәңгилик өмир ҳаққында не деди?

   ______________________________________________

   ______________________________________________

   ______________________________________________

5. Ийса Масих тирилтпеген адамлар қандай жағдайда болады? (Ефес 2:1).

   ______________________________________________

   ______________________________________________

   ______________________________________________

Ҳәмме адам гүнәкар ҳәм соның ушын ҳеш ким гүнаның нәтийжеси-руўхый өлим ҳәм Қудайдан мәңги айырылыўдан қутыла алмайды. Ийса Масихтан мәңгилик өмирди қабыл етпейтуғын адамлар да бул өмирде ҳәм мәңгиликте Қудай менен байланыс үзилген болып табылады.

***Танысыў сабағына көрсетилген жоба.***

| Сабақ | Талқылаў | Кейинги сабаққа тапсырма |
|---|---|---|
| 1 (Сабақтың дүзилиси менен танысыў) | Бир-бириңиз бенен жақсы танысың, сабақтың мақсети ҳәм бағытын талқылаң. Мухаддес Китапты қалай пайдаланыўды талқылаң. Топар менен биргеликте «Ийса Масихтың туўылыўы» материалы бойынша биринши бир неше сораўларды ислең. | Ҳәр бири «Ийса Масихтың туўылыўы» материалындағы сораўлардың қалған бөлегин өз бетинше ислеўи керек. |
| 2 (Талқылаў ҳәм түсинип алыў) | «Ийса Масихтың туўылыўы» материалындағы сораўлардың қалған бөлегин талқылаң. Топарды «Ийса Масих деген ким?» материалы менен таныстырың. | «Ийса Масих деген ким?» бабындағы материал бойынша таярланың. |
| 3 (Талқылаў ҳәм түсинип алыў) | «Ийса Масих деген ким?» бөлимин талқылаң. | Ийса Масихтың мийнети бабының материалы бойынша таярланың. |
| 4 (Талқылаў ҳәм түсинип алыў) | Егер мүмкиншилиги болса, «Ийса Масихтың мийнети» бабының ҳәммесин талқылаң. | «Масихтағы мәңгилик өмир» бабындағы материал бойынша таярланыў. |
| 5 (Талқылаў ҳәм түсинип алыў) | «Ийса Масихтың мийнети» бабындағы қалған сораўларды талқылаң. Егер мүмкин болса «Масихтағы мәңгилик өмир» бабының ҳәммесин талқылаң (Егер сиз бул бапты жуўмақласаңыз ҳәм ўақыт қалса, бул сабаққа сәўбетлесиў өткериўге болады). | Егер сиз сабақта ислеп үлгерсеңиз, «Масихтағы мәңгилик өмир» бабындағы материал бойынша жумысты питкериң. |
| 6 (Талқылаў, түсинип алыў ҳәм әҳмийетли сөйлесиў) | «Масихтағы мәңгилик өмир» бабындағы қалған сораўларды талқылаўды жуўмақлаң. Егер сиз ислеўди шешкен болсаңыз, онда буны оны топарда өткериң. | Егер сиз оны топарда өткермеўге шешкен болсаңыз, әҳмийетли сәўбетлесиўге таяр болған ҳәр бир қатнасқан адам менен ямаса хожалық жуплар менен ушырасыў ҳаққында келисиң. |

**11-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

   а. Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын тематикалық дүзилисиниң ҳәмме алпыс аятын бир мәртеден цитаталап айтып бериўге таярланың (темалары ҳәм силтемелери менен).

   б. «Аятларды ядлап алыў тәжирийбесиниң раўажланыўы» мақаласын оқың ҳәм талқылаўға таярланың (49-51-бет).

2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.

3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 5-бабындағы «Дүньяның жағдайы» темасы бойынша 1-8-сораўларға жуўап бериң (80-81-бет).

# 11-САБАҚ

**САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. Топарларға бөлиниң ҳәм биргеликте көбирек аятты қайталаң. Тапсырманы орынлаўды жуўмақлаўға ҳәм *Мағлыўматларды үйрениў күнделигине* туўра келетуғын белгилерди ислеўге ҳәрекет етиң.
2. «Аятларды ядлап алыў тәжирийбесиниң раўажланыўы» мақаласын талқылаң (49-51-бет).
3. *Мухаддес жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң* ҳәмме алпыс аятын цитаталап айтып бериў қалай кетип атырғанын талқылаң (темалары ҳәм силтемелери менен).
4. Сизге Қудай менен жалғыз қалған ўақытта пайда болған пикирлерди бөлисиң.
5. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
6. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* «Дүньяның жағдайы» бөлиминдеги 1-8-сораўларды талқылаң (80-81- б).
7. Ҳәр бир жетекшиниң жумысына қысқаша баҳа бериң.
8. *12-сабақ ушын тапсырманы* оқың (51-52 - бет).
9. 12-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
10. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Аятларды ядлап алыў тәжирийбесиниң раўажланыўы***

1. ***Қайталаў тәртиби.***

Қудай бизлерге тек ядлап алыўды емес, ал умытып қалыў уқыплылығын да берди. Соның ушын олар ядымызда беккем орнығыўы ушын ядланған аятларды қайталаўымыз шәрт.

Буның ушын аятларды қайталаўдың әпиўайы тәжирийбелик тәртибин ислеў керек.

Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң ҳәр бири он еки аяттан бес топарға бөлингени ушын күнине он еки аят бойынша биринши күннен бесинши күнге шекем: А сериясын дүйшембиде, Б сериясын сийшембиде ҳ.т.б. барлық ҳәпте даўамында қайталаў қолайлы болады.

Сиз көп күш жумсадыңыз ҳәм олар бийкарға кетиўине жол қоймаң. Ядланған аятларды пуқта қайталаң.

2. ***«Дос» усылы***

Өзин тәртипке бойсындырыўшылықта услаў қыйын, соның ушын егер сизиң бир достыңыз сизге аятларды қайталаўда жәрдем көрсеткени жақсы болады. Оннан сиз аятларды қәншелли жақсы есте сақлайтуғыныңызды ҳәм сизди тәртипли бойсындырыўшылыққа шақырыўын өз ўақтында тексериўди сораң.

Усындай дос сизиң күйеўиңиз (ҳаялыңыз) ямаса балаларыңыздың биреўи, соның менен бирге танысыңыз ямаса бирге ислейтуғын ислесиңиз, ҳәтте, егер ол исенбеўши болса да болады. Көпшилик бул мүмкиншиликти исенбеўшилерге гуўалық ушын пайдаланады.

3. ***Жаңа аятлар.***

Бәлким, сизде әлле-қашан келешекте ядлап алыў ушын Қудай менен жалғыз қалған ўақытта, ўаз ҳ.т.б. ўақытта нәзериңизди айрықша аўдарған аятлар дизими бар шығар. Сиз ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң үстиндеги жумысты жуўмақлаған ўақытта сиз Мухаддес Рууҳ оларды өмириңизде ҳәм хызметиңизде пайдалана алыў ушын Мухаддес Жазыўдың басқа гилтли үзиндилерин ядлап алыўды даўам етиўиңиз керек.

Өзиңиздиң алдыңызға ҳәптесине бир, еки ямаса үш таза аятты ядлап алыўға мақсет қойың. Сиз бул аятларды қарточкаға жазатуғын ҳәм оларды аятлар ушын қалташаға салатуғын күнди ажыратып алың.

Екинши мүмкиншилик ҳәр бир 36-аят бойынша ядлап алыў ушын басқа топламның бесеўиниң биреўин алыўдан ибарат: «Исенимде өсиў», «Басқалар менен Масихты бөлисиў», «Жеңисли өмир», «Сүйиспеншиликте өсиў», «Қудайды таныў».

Өзиңиздиң аятларды қайталаў тәртибин үзликсиз қарап шығыўды, оған ядта сақлап атырған таза аятларды киргизиўди умытпаң.

4. ***Қысқаша баянламадағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың принциплери.***

Бул жерде сизге қолайлы болыўы ушын 2:7 сериясында алдын қарап шығылған Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тоғыз принципиниң мағлыўматы бириктирилген. Сиз оларды қайталаўыңыз керек пе тексериң.

а. *Исенимли болыў*-сиз ядлап алыўыңызға болады! Бул сизиң ески тәжирийбеңизден көринип тур ҳәм Қудай сизге жәрдем бериўге ўәде етеди. Сизиң ядлап алыў барысындағы кеўиллигиңиз қандай болатуғыны әҳмийетли.

б. *Дәлийллеў*-Алға умтылдырыўшыға туўра келетуғын барында жүдә көплеген нәрсеге ерисиўге болады. Мухаддес Жазыўды ядлап алыў бизлердиң өмиримизде рууҳый өсиўдиң жемисин көриў нийетин оятады. Есиңизге түсириң «жүрегиңизде Қудайдың сөзин сақлаўға»

талпынғаныңызда сиз тап неден қолландыңыз (Сиз бул ҳаққында 2-курстың 9-бетинде жазғаныңызды көрсеңиз болады).

в. *Дыққат*-Жақсы ядлап алыў ушын кеўил бөлип билиў талап етиледи. Сиз аятларды ядта сақлаған ямаса қайталаған ўақтыңызда, сизди ҳеш нәрсе алағада етпеўине ҳәрекет етиң.

г. *Түсиниў*-сизге көбирек әҳмийетли болып көринген аятлар аңсат ядта сақланады. Соның ушын аятларды ядламастан алдын, олардың мәнисин терең түсиниў ушын олардың контексти менен танысыўыңыз керек. Соның менен бирге сол ямаса басқа аят неге арналғанын түсиниў ушын дуўа етиў керек.

д. *Байланысыў*-Аяттың мәнисин терең түсиниў ҳәм оны ядлаў аңсат болыўы ушын, бул аят сизге не менен байланыслы екени ҳаққында ойлаў жүдә пайдалы. Тап соның ушын аятлардың темасы сыяқлы, солай олардың силтемелерин де ҳәм олардың тематикасы менен туўра келетуғын топарлар бойынша аятларды бөлип ядлап алыў керек.

е. *Келбетли көринис*-Аятты және қандай да келбет түринде елеслеткен жақсы болады. Усындай келбетке сүйенип, сизге ядтан аятлардың текстин еске түсириўге аңсат болады.

ж. *Қайталаў*-Қайталаў табыслы ядлап алыўдың көбирек әҳмийетли қағыйдасы болып табылады. Сиз ядлаған аятларды умытып қалмаўыңыз ушын оларды ядлағаныңыздан кейин дәрриў қайталап баслаң ҳәм буны жийи ислең. Ҳәтте, егер сиз әлле-қашан сол ямаса басқа аятты ядтан цитаталап айтып үйренген болсаңыз да, бәри бир оларды керек ўақтында дәрриў ҳәм иркилместен цитаталап айтып билиў ушын қайталаўды даўам етиң.

з. *Басқа сезим ағзаларын пайдаланыў*-Сиз аятларды ядта сақлаған ўақтыңызда оларды тек өзиңиз оқымай, ал даўыслап айтыўға, соның менен бирге бөлек бир бетке жазыўға ҳәрекет етиң.

и. *Улыўма түсиник*-Бөлекшелерге өтпестен алдын, аят ҳаққында, солай сиз ислеп атырған аятлардың сериясы ҳаққында улыўма түсиник дүзиўге ҳәрекет етиң. Аятты ядта сақлағанда дәслеп еки ямаса үш мәрте басынан ақырына дейин оқың, ал кейин гәп изинен гәпти ядлаўды баслаң.

5. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тәртиби.***

Мухаддес Жазыўды өз ўақтында ядлап алыўдың ҳәм қайталаўдың жети тәртиби менен танысың:

а. *Ерте баслаң*-Аятларды ядлап алыў бойынша жумысты ертерек азанғы шайдан ямаса азанғы Қудай менен жалғыз қалыў ўақтынан алдын баслаң. Егер ерте басласаңыз, бул сизге толық күниңизде күш береди.

б. *Аятлары бар қалташа бәрҳама қолыңызда болыўы керек*-Егер бәрҳама қолыңызда қалташа болса, сизге күн даўамындағы бос ўақытта аятларды қайталаў әдети шығады.

в. *Темалары ҳәм силтемелерин ядлаң*-Бәрқулла дәслеп темасын, кейин силтемесин, ал кейин аяттың өзин ҳәм жәнe силтемесин айтың.
г. *Аятларды қәтесиз ядлаң*-Аятларды анық сөзбе-сөз ядлаў керек. Бул сизиң исенимиңизди беккемлейди ҳәм әтираптағылар менен аятларды бөлисиў аңсат болады.
д. *Ядланған аятларды қайталаўды умытпаң*-Ҳәпте даўамында сиз ядта сақлап атырған ҳәмме аятларды кеминде күнине бир мәрте қайталаң. Бул табыс ушын ең аз талап.

е. Ҳ***әптениң соңында таза аятларды тексериң***-Ҳәпте аралығында аятларды ядлап алыўдың үстинде ислеп, ядлап алыўдың дурыслығына исениў ушын оны бир достыңызға цитаталап айтып бериң ямаса бир бетке жазың.
ж. *Аятларды қайта-қайта қайталаң*-Аятларды дурыс ядлаў ушын әдетте, оларды алты ҳәпте даўамында күнине бир мәрте қайталаў жетерли. Әлбетте, оларды ақырында ўақты-ўақты менен қайталаў кесент етпейди.

## 12-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң ҳәмме алпыс аятын бир мәртеде цитаталап айтып бериўге таярланың.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Оқыўды, жазыўды ҳәм белги қойыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 5-бабындағы «Дүньяның жағдайы» бөлиминдеги 9-14-сораўларға жуўап бериң ҳәм қысқаша баянлама дүзиң (83-85-бет).
4. ***Ҳәр түрли:*** «6-курс жуўмақланды. Оннан кейин не?» мақаласын оқың ҳәм талқылаўға таярланың (53-55-б).

# 12-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. *Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң* ҳәмме алпыс аятын бир ретте цитаталап айтыў қәншелли табыслы өтип атырғанын талқылаң.
2. Сизге Қудай менен жалғыз қалған ўақытта пайда болған пикирлерди бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* «Дүньяның жағдайы» бөлиминдеги 9-14-сораўларды талқылаң ҳәм қысқаша баянламасы (83-85-б).
5. Ҳәр бир жетекшиниң жумысына қысқаша баҳа бериң.
6. «6-курс жуўмақланды. Оннан кейин не?» мақаласын талқылаң (53-55 -бет).
7. Сиз өзиңиз өткеретуғын дуўа етиў күни ушын тапсырманы оқың (55-бет).
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

### *6-курс жуўмақланды. Оннан кейин не?*

Сиз 2:7 серияның алты курсының үстинде ислеў барысында ийелеген тәжирийбе ҳәм шынығыўларыңыз босқа кетпегени әҳмийетли. 2:7 сериясы бул ўақыт даўамында Мухаддес Руўх сизиң жүрегиңизде Өз мийнетин ислеўде пайдаланған қуралдың биреўи болады. Бул мийнеттиң арқасында сиз исенимде беккемленип ҳәм Ийса Масихтың турақлы шәкирти болыўыңыз керек. Сиз-Масихтың шәкиртисиз, ал 2:7-бул оқыўшылық курсы. Төменде сизге бул курста өзиңиз ушын тазадан не алғаныңызды сақлаўға жәрдем беретуғын бир неше усыныслар келтирилген.

***1. Өз-ара тексериў.***

2:7 серияны ислеп, сиз питирген жумысыңыз ҳаққында есап бериўиңиз керек болған анық жуўапкершиликти алдыңыз.

Топардағы бир ағза сизиң Мухаддес Жазыўдағы аятларды соншелли жақсы билетуғыныңызды өз ўақтында тексерди. Буннан да басқа сиз топар ағзаларына Қудай менен жалғыз қалған ўақтыңызда ҳәм Мухаддес Китапты өз бетинше үйренгенде алған жарылқаўыңыз ҳаққында айтып бердиңиз. Сизге басқа питирген жумысыңыз ушын да есап бериўиңизге туўра келеди. Сиз Ийса Масихқа еле де жемисли хызмет етиў ушын бәрқулла басқа адамларға жәрдем бериў керек екенлигин билесиз. Сизиң руўхый өсиўиңиз

ушын ким болса да ўақты-ўақты менен «жумысларың қалай кетип атырғанын тексериўи» пайдалы болады. Менменлигиңизге алға илгерлеў ушын қозғаўшы ҳәрекет көп болатуғын жерде көзге түсиўге мүмкиншилик бериўине жол қоймаң.

Егер сиз сыяқлы өз-ара тексериў керек болған басқа адамлар менен ҳәптесине бир ямаса еки рет ушырасыўға келиссеңиз, сиз өзиңизде жуўапкершилик сезимин нәтийжели ислеп шығарсаңыз болады. Сизиң мақсетиңиз досларыңыздың мақсетлеринен айырылып турады ҳәм сизди неде тексериў кереклигин анық билиўи керек.

Жуўапкершилик сезимин ислеп шығарыўдың басқа әжайып усылы-бул өз-ара қоллаў, жәрдем бериў ҳәм тексериў мақсети болған досларыңыздың биреўи менен қарым-қатнас. Усындай адам менен тек ҳәптесине бир мәрте телефонда сөйлесиў керек. Әлбетте, егер сиз тек өзиңиз ушырассаңыз жақсы болады. Сиз топар менен жыйналысыўды ямаса достыңыздың биреўи менен ушырасыўды шешкеннен тысқары, егер сиз кейингилер ушын ўақыт ажыратсаңыз жақсы болады:

1) Қойылған мақсетлерге ерисиў ушын ислердиң қәншелли жақсы ямаса жаман кетип атырғанына әдил ҳәм ҳақ баҳа бериўге ҳәрекет етиң. Буны бир-бириңиз бенен талқылаң.
2) Қудай сизге сыйлаған ғәзийнелери менен бөлисиң. Қудай менен жалғыз қалған ўақытта ямаса Мухаддес Китапты өз бетинше үйрениў ўақтында алған жарылқаў ҳәм пикирлерди бөлисиң. Ҳәзир ядлаған аятларды цитаталап айтып бериң ҳәм алдын ядлағанларды қайталаң. Сиз Масих ҳаққында қалай гуўалық еткениңиз ҳаққында ямаса Мухаддес Китап бойынша танысыў сабағы қалай өтип атырғаны ҳаққында сөйлесиң. Егер нәтийжеси жақсы болмаса, қолыңыз иске бармай қалмасын. Әдил болың. Қойылған мақсетиңизге ҳәм ислериңизге керекли дүзетиўлер киргизиң, ал кейин дуўа етип ҳәм шыдамлылық пенен қыйыншылықларды қалай жеңиў кереклигин излең. Есиңизде болсын, тек табыс ҳаққындағы сәўбетлесиў емес, ал сәтсизлик ҳаққындағы сәўбетте басқаға нәсиятлаўда пайдалы болыў мүмкин.

2. ***Дуўа етиў.***

Ўақты-ўақты менен дуўа етиўге бир неше саат ажыратыўды даўам етиң. Бул өмириңизди туўры жолда көриўиңизге жәрдем береди ҳәм сонда Қудайға ненин үстинде ислеў кереклигиңизди көрсетиў аңсат болады. Усындай узақ дуўа етиў сизге күнделикли Қудай менен жалғыз қалыў ўақтын еле де жемисли өткериўге жәрдем береди.

3. ***Тийкарлары әпиўайы.***

Ийса Масихтың шәкиртлерининң өмиринде бир неше тийкар болатуғындай принциплер бар. Бул принциплер «Шеңбер» ҳәм «Қол» сүўретлемесинде

көрсетилген. Олар ҳеш қашан гөнермейди. Бәрқулла дурыс жолда болыў ушын оларға қайта-қайта қараң.

4. ***Бул топар менен сабақты даўам етиў керек пе?***

Гей бир топарлар 2:7 сериясын үйрениўди жуўмақлағаннан кейин, әдетте ҳәптесине еки мәрте бирге жыйналыўды даўам етеди. Усындай топарлар Мухаддес Китапты үйрениў

5. ***Басқаларды таярлаң.***

Сиз 2:7 сериясын топарда жүргизиўди баслаўыңыздың үстинде ойланыўыңыз керек. Солай басқаларға жәрдем бере аласыз ҳәм өзиңиз де оқыўшылықта өсесиз. Сиз және 2:7 сериясы менен байланыслы болмаған хызметиңизди алып барсаңыз болады: мүтәж болғанлардың ҳалын сораў, Хош Хабар айтыўды шөлкемлестириў, Мухаддес Китап бойынша сабақты алып барыў, және исенген еки-үш масихыйлар менен қарым-қатнаста болыў, олардың руўхый өсиўине жәрдем бериў. Басқаларға жәрдем берип сиз алған билимиңиз ҳәм шынығыўларыңыздан тәжирийбелик қолланыў табасыз, бунда сиз басқаларды неге үйреткениңизден өз өмириңизден де үлкен мәнилилик табасыз.

## ЕҢ СОҢҒЫ ТАПСЫРМА

Бул курстың ақырында сизге әлбетте дуўа етиў күнин өткериўиңиз керек болады, соның менен бирге буны өз бетиңизше ислеўиңиз керек болады. Төменде керекли көрсетпелер көрсетилген.

1. Басламастан алдын узақ дуўа етиў ўақтын қалай өткериў кереклиги ҳаққында 2-курстың 52-61-бетлериндеги мағлыўматты қарап шығың.
2. 2:7 сериясындағы ҳәмме китапларды алып келиң. Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделиктеги жазыўлар ҳәм бул мағлыўматтағы ядланған аятлар ҳаққында ойлап ҳәм дуўа етип кеминде бир саат өткериң (Мүмкин, буған ўақыттың көбирек бөлегин жумсаў мақсетке муўапық болар).
3. Сиз ҳәр бир алты курстан нени белгилегениңиздиң ҳәммесинен ең әҳмийетлисин санап шығың. Санап шығылғанның ишинде:

   а. Сиз ушын жаңа көз-қарас ямаса беккем ҳәм терең болған пикирлер.

   б. Өзиңиз ушын билдирилген принциплер.

   в. Сиз даўам етиўди нийет еткен руўхый хызмет.

   г. Сиз шөлкемлестириўди нийетлеген Мухаддес Китап бойынша танысыў сабаған өткериў.

   д. Сиз қатнасыўды нийетлеген масихый қатнасыўдағы топар ҳәм өз-ара тексериў топары болыўы мүмкин.

## «Оқыўшылықтың этапы», 6-китап
# ОҚЫЎШЫЛЫҚТА ӨСИЎ

«Ешейин алдыңлар, ешейин бериңлер» деп айтты Ийса шәкиртлерине (Матта 10:8). Бизлер Қудайдан алған жарылқаўымызды бөлисиўимиз шәрт.

Мухаддес Китапты үйрениўде бирге жүретуғын әҳмийетли нәтийжелериниң биреўи ол не билгенин басқа адамлар менен бөлисиўинде болып табылады. Сиз әтираптағыларға ҳақыйқат ҳаққында айтып берген ўақтыңызда, сиз оның көбирек дәрежеси сизиң өмириңизге тәсир көрсететуғынына сер салмайсыз. Соның ушын Қудай сизге жаңа ҳақыйқатларды ямаса оларды өмириңизде қалай қолланыў кереклигин билдирсе, әлбетте буларды басқаларға айтыўға ҳәрекет етиң. Сонда Мухаддес Руўх басқа масихыйды жигерлендириў ямаса шақырыў ушын яки исенбеўшини Ийса Масихқа мүтәжлигин оятыў ушын сениң сөзлеринди пайдаланатуғын болады. «Өз ўақтындағы сөз қандай жақсы!» (Нақ-мақ 15:23).

Сизге жәрдем бериў ушын ҳәм кейинирек руўхый өсиў ушын бул қолланбада кейинги темалар талқыланады:

- Шәкирт болыў деген не
- Садық хызметши
- Басқалардың Масихты табыўынға жәрдем бериў
- Басланғанды таслап кетпеў
- Дүньяның жағдайы

**1-бап.**

***ШӘКИРТ БОЛЫЎ ДЕГЕН НЕ***

«Оқыўшы» сөзи күнделикли тилимизде «шәкирт» ямаса «қатнасыўшы»ны билдиреди. Сократтың шәкиртлери болды, Шомылдырыўшы Яқыяның шәкиртлери болды, Гандидиң шәкиртлери болды. Бирақ Ийса Масихтың изинен ериў қәлеген адамның жолбасшылық изинен ериўге қарағанда, көбирегин талап етеди.

## ИЙСАҒА БАЙЛАНЫСЛЫ ШӘКИРТ ҚАНДАЙ БОЛЫЎЫ КЕРЕК

1. Лука 14:25-33-ти қараң.

   а. Усы аятларға келисип шәкиртти не сыпатлайды?

   26-аят ____________________

   ____________________

   27-аят ____________________

   ____________________

   33-аят ____________________

   ____________________

   («Жек көриў» сөзин қандай мәнисте пайдаланған терең түсиниў ушын Матта 10:37-ни оқың).

   б. Сизиңше бул жерде адамның ис-ҳәрекети сол ямаса басқа дүньяға оның улыўма қатнасығы дегенде нени нәзерде тутты? Өз жуўабыңызды түсиндирип бериң.

   ____________________

   ____________________

   ____________________

2. Кейинги аятларды оқың ҳәм Ийсаның пикиринше Оның шәкиртлериниң өмирин қандай белгилер сыпатлаўы керек? (Буған жуўапты жазып, сол ҳаққында айтатуғын аятлардың силтемелерин жазың).

| | БЕЛГИ | СИЛТЕМЕ |
|---|---|---|
| Юхан 8:31 | ____________ | ____________ |
| Юхан 13:34-35 | ____________ | ____________ |
| Юхан 15:8 | ____________ | ____________ |

3. 1 ҳәм 2-сораўлардағы атап өтилген Мухаддес Жазыўдағы үзиндилерден пайдаланып, шәкирт қандай болыў кереклигин қысқаша жазың.

   ____________________

   ____________________

   ____________________

4. Ийса шәкиртлерине үлкен талаплар қояды. Сиз қалай ойлайсыз не ушын?

   ____________________

   ____________________

   ____________________

**ШӘКИРТ ОҚЫЎЫ КЕРЕК**

Ийса пүткил өмир бойы оқыды. Бизлер Оның жаслық ўақтында ибадатханада отырып муғаллимлерди тыңлап ҳәм оларға сораўлар бергенин көремиз (Лука 2:46). Бизлер Оның көпшиликке хызмет ўақтында Ол шәкиртлерин әнжир ағашынан үйрениўге шақырғанын көремиз (Матта 24:32). Еврейлерге жазған хаттың авторы Оның жердеги өмири ҳаққында айтты: «Ол Қудайдың Улы болса да, шеккен азаплары арқалы бойсыныўды үйренди» (Еврей 5:8).

5. Шәкирт үйрениўге қандай қатнасықта болыў керек? Нақ-мақ 12:1, 4:13.

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

6. Бизлер кимнен үйрене аламыз?

Нақ-мақ. 4:1 ________________________________________________

____________________________________________________________

Нақ-мақ. 27:17 ______________________________________________

____________________________________________________________

Матта 21:29 ________________________________________________

____________________________________________________________

Юхан 6:45 __________________________________________________

____________________________________________________________

Еврей 13:7-8 ________________________________________________

____________________________________________________________

7. Коринф 1-х 14:20-да Павел коринфлилерди неге шақырды?

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

*«Жаңа көз-қарасларды ислеп шығарыўдың барысы, жаңа тәжирийбелерди ислеп шығарыў, жаңадан танысып баслаў, басқа сөз бенен айтқанда оқыў барысы Ийса ўәде еткен сыяқлы өмириңзди қызықлы етеди. Ол: «Бирақ, Мен олар өмирге ийе болыўы ушын, дәўлетли өмирге ийе болыўы ушын келдим» деп айтты (Юхан 10:10). Ҳәммеси жүдә әпиўайы ҳәм анық. Егер сиз оқымасаңыз-сиз жасамайсыз».*

Уолдрон Скотт

8. Не ушын нәсият алыў әҳмийетли? Нақ-мақ 11:14.

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

9. Нақ-мақ 24:30-34-ти оқың. Ақылы кем адам ҳаққында не айтыўға болады?

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

**ОҚЫЎШЫЛЫҚТЫҢ БАХАСЫ**

10. Ийса Өзине шәкирт болыўды қәлейтуғынларды неге шақырады? Лука 14:28-32.

11. Ийсаның шәкирти болыўы ушын адам қандай болыўы керек? Лука 9:57-62.

12. Рим 12:1-2-ни оқың. Сиз «тири қурбанлық» сөзиниң мәнисин қалай түсиндирип бересиз.

13. Лука 9:23-26-ны оқың.
   а. Сиз қалай ойлайсыз, «өзинен қашыў» деген нени билдиреди?

   б. «Өз атанақ ағашын алыў» деген нени билдиреди?

   в. Сиз өз жаныңызды қалай қутқарасыз?

*«Жоғалтыўға болмайтуғын нәрсени ислеп шығыў ушын сақлаўға болмайтуғынларды берген дана».*

Джим Эллиот.

14. 10-13-сораўларда айтылғаны ҳаққында Мухаддес Жазыў үзиндилерине тийкарланып сизиң өмириңизде қалай көринетуғынын дуўа етиў менен ойланың. Буны қабыл етиўге байланыслы сизге қандай жаңа ҳәм әҳмийетли шешим керек?

## ЫҚЛАС ҲӘМ ТӘРТИП

15. Жаңа Келисимде масихыйлық өмирди жарыс майданы менен салыстырады. Коринф 1-х 9:24-27-ни оқың.

а. Павелдиң сөзине байланыслы бизлер қалай «жарыс майданында жуўырыўымыз» керек?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

б. Жарыс қатнасыўшылары ушын әҳмийетли басқа талапларды жазың. Бул принциплерди шәкирттиң «жарысына» қалай қолланамыз?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

16. Еврей 12:1-2-ни оқың, жарыс деген не екенин жақсы түсиниўге болады.

а. Жарысты жуўмақлаўға масихыйға не кесент бериўи мүмкин?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

б. Қалай жуўырыў керек?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

в. Сиз бул жарыс ўақтында кимге нәзериңизди қаратыўыңыз керек?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

г. Ийсаның өмири қандай усылда сизди де усындай жарысқа оятады?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

17. Тимофей 2-х 2:3-6-ны оқың, Павел масихыйларды ҳәр түрли адамлар менен қайсы жерде салыстырады.

а. Бул адамлар кимлер?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

б. Усы адамлардың биреўин алың ҳәм усындай адамлардың өмиринен инталы ҳәм тәртипли масихый шәкирттиң үлгили белгилерин табыўға болатуғынын жазың.

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

18. Еврей 6:11-12-ни оқың. Масихтың шәкиртиниң өмиринде тәртип ҳәм ықлас қандай роль ойнаў керек? (Усы сөздиң мәнисин анығырақ түсиниў ушын сөзликтен пайдаланса болады).

Адам ҳәр бир ис-ҳәрекетти ислеп төрт избе-из этаптан өтеди: (1) нийет, (2) мақсет, (3) шешим, (4) тәртип. Мысалы, адам өз жумысын басламастан алдын Қудай менен ушырасыўды қәлейди. Ол жетерли ўақты бар болыў ушын ол ерте турыў кереклигин түсинеди ҳәм соның ушын азанқы 6:30 да турыўды мақул көреди.

| | |
|---|---|
| Мен Қудай менен ушырасыўды қәлеймен | 1. НИЙЕТ |
| Мен азанғы 6:30 да турыўым керек | 2. МАҚСЕТ |

Кейинги күни ол өз ўақтында турмайды, соның ушын оны кәттен турғызыў ушын бир нийет пенен мақсет жетерли емес. Сонда ол ўақтында турыў ушын отырма саатты бурыўды мақул көреди.

Бирақ ҳақыйқый сынақ отырма саат шыңғырлаған ўақытта басланады. Бул жерде тәртип жәрдемге келиўи керек. Ол отырма саатты өширип ҳәм уйқылаўды даўам ететуғын болып қалмаў керек.

Жақсы әдетлерди тек турақлы тәртиптиң нәтийжесинде ислеп шығарыўға болады, ал турақлылық күнде күш жумсаўды талап етеди.

19.

а. Жетилискен масихыйдың өзине теңлиги қандай? Филип 3:12-15

б. Сизиң пикириңизше, жетилиспеген масихыйдың өзине теңлиги қандай?

20. Колосалы 3:17-де Павел ықлас ҳаққында не дейди?

21. Масихтың шәкиртлерининң жүрегининң жағдайы не ушын соншелли әҳмийетли? Нақ-мақ 4:23.

22. Өмириңиздиң қайсы жерине тәртип керек? Ол неден қуралыўы керек?

## ҚЫСҚАША БАЯНЛАМА

Бөлимлердиң басын жоба сыпатында пайдаланып, бул баптың қысқаша баянламасын дүзиң.

**2-бап.**

## *САДЫҚ ХЫЗМЕТШИ*

Хызметшиниң қарызы-басқаға тийисли болған мүлкке қараў. Масихый өмирине ҳәм ол неге ийелик ететуғынына қараў керек, сол ҳәм басқасы Қудайға тийисли, соның ушын бизлер ўақтымызға ҳәм ақшамызға, сый ҳәм денемизге жуўапкершиликли қатнасықта болыўымыз керек.

### ҚУДАЙ»А ХЫЗМЕТ ЕТИЎ

1. Павел Коринф 1-х 4:2-де үй қурыўшылар ҳаққында не дейди?

____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________

Қарама-қарсы силтемелерди пайдаланып, бул сиз ушын нени билдиретуғынын түсиндирип бериң.

____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________

2. Қудай сизден садық хызметти күтетуғын бир неше жерлерин айтың.

Нақ-мақ. 3:9-10 _____________________________________________
____________________________________________________________

Рим 12:6 ___________________________________________________
____________________________________________________________

Коринф 1-х 6:19-20 __________________________________________
____________________________________________________________

Ефес 5:15-16 ________________________________________________
____________________________________________________________

3. Қандай хызметши садық деп есапланады? Матта 25:14-30.

____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________

### ӨЗ ЎАҚТЫН ЖУМСАЎ

Ҳәр бир еркекке, ҳаялға ҳәм балаға ҳәптесине 168-саат бериледи. Сиз бул ўақытты ҳәптеден - ҳәптеге даналық пенен пайдаланасыз ба ямаса оны босқа жумсайсыз ба? Орынсыз жумсалған ўақытты қайтара алмайсаң, ал нәтийжели пайдаланған ўақыт жақсы жемис алып келеди. Сиз ўақтыңызды қалай жумсайтуғыныңыздың сизиң өмириңиздиң биринлиги ҳаққында гуўалық етеди.

4. Матта 6:25-34-ти оқың.
   а. Исениўши нени излеў керек? 33-аят.

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   б. Қудай Патшалығы деген не екенине анықлама бериң

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   в. Қудайдың ҳақыйқатлығы деген не екенине анықлама бериң.

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   г. Енди ҳәзирги Қудай Патшалығы ҳәм Қудайдың ҳақыйқатлығы анықламаларын пайдаланып Матта 6:33-ти өз сөзиңиз бенен баянлап бериң.

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   ___________________________________________

5. Тимофей 1-х 3:4-5, 12 -ни оқың. Қудайдың көз-қарасы менен жәмәәт ҳаққында ғамхорлықтан тысқары және не нәрсе көбирек әҳмийетли болады?

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   ___________________________________________

6. Павелдиң көз-қарасы бойынша жумыс қәншелли әҳмийетли? Салоника 2-х 3:7-9.

   ___________________________________________

   ___________________________________________

   ___________________________________________

7. Өмириңиздиң ҳәзирги ўақтында қандай биринширликлер ең әҳмийетли екенинен келип шығып кейинги бөлимлерди сан менен белгилең. Кейин сизиң пикириңизше Қудай өмириңизден ҳәммесинен алдын қандай биринширликти көргиси келетуғынынан келип шығып бул бөлимлерди сан менен белгилең.

| БАР БОЛҒАН БИРИНШИЛИКЛЕР | ҚУДАЙДЫҢ БИРИНШИЛИГИ |
| --- | --- |
| ____Жумыс (өзиңиз таңлаған кәсип, жумыс ямаса билим) | ____________________ |
| ____Қудай (Сизиң Қудай менен қатнасығыңыздың өсиўи | ____________________ |
| ____Шаңарақ (Сүйиспеншилик, ғамхорлық ҳәм нәсият | ____________________ |

____Хызмет (Сизиң жеке хызметиңиз ________________________
ҳәм гуўалығыңыз)
____Басқалары (жеке қызығыўшылық- ________________________
лар-шара, кеўил көтериў,
қызығыўшылық)

8. Сиз Қудайдың биринширлиги менен өзиңиздикин салыстырып болғаннан кейин сизиң ислериңиз Қудайдың биринширлиги менен туўра келиў ушын ҳәптеге дүзген жобаңызға қандай да өзгерислер киргизиўиңиз керек болыўы мүмкин. Сизге тәртибиңизден бир нәрсени өзгертиў керек болып көрине ме? Егер аўа болса, онда тап не екенин жазың:

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

Сизге өз ўақтыңызды қалай пайдаланып атырғаныңызды ҳәм ҳәмме ислерди Қудайға унамлы орынлаў ушын оны ақыллылық пенен бөлиў ушын бәрқулла қараў керек.

9. Ефес 5:15-21-ди оқың. Павел өз ўақтымызды қалай жақсы пайдаланыў кереклиги ҳаққында не дейди? Сиз оның кеңесин өмириңизде қалай пайдаланасыз?

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

Өз ўақтыңызды даналық пенен қалай пайдаланасыз:

*Жумысты дуўа етиў менен жобаластырыў*-Алдағы жумыстың әҳмийетли тәртибин санап шығың (Жақсы-ең жақсының жийи душпаны).

*Қудайға бойсыныўға таңлаў ислеў*-Дәслеп ҳәмме ең әҳмийетлини ислең ҳәм исеним менен жуўмақланған исти Қудайға бериң (Биринши қарағанда кешиктириўге болмайтуғын болып көринген нәрсе, нәтийжесинде күтип туратуғын болады).

*Кеўилин бөлиў ҳәм инталы болыў*-Сиз тәрепинен таңланған жумысты орынлаў ушын ықлас пенен келисиң. Оларды гезек пенен орынлаң ҳәм басланған исти питирмей таслап кетпең.

## СЫЙЛАРДЫ ПАЙДАЛАНЫП БИЛИЎ

10. Қудай бизлерге берген сыйларды қалай пайдаланамыз? Петрдиң 1-х 4:10.

11. Рим. 12:3-8-ди оқың.

а. Қудай масихыйларға берген сыйларды санап шығың (Түсиниксиз барлық сөзлердиң мәнисин қарап шығың).

б. Исениўши өзине ҳәм өзиниң сыйларына қандай қатнасықта болыў керек? 3-аят.

в. Исениўшилер Қудай жиберген сыйларды қалай пайдаланыў ҳаққындағы Павелдиң билиминиң принциплерин қысқаша баянлаң.

12. Бәлким, елши Петр минезиниң күшли тәрепине: руўхланыўшылық, өзин услап билиў уқыплылығы, анық сөйлеп билиўине байланыслы екенин айтқан шығар. Петрдиң кемшиликлерине оның ерксизлигин киргизсе болады. Сизге тән болған үш күшли белгилерди ҳәм бир кемшиликти жазың.

Өзиңиздиң күшли қәсийетлериңиздиң биреўин алың. Сиз басқа адамларға хызмет етиў ушын оны қалай пайдаланасыз?

Қудай ҳәр бир адамға белгили сыртқы көринис, даўыс, уқыплылық, күшли ҳәм ҳәлсиз тәреплер, басқа минез-қулықлар, ал соның менен бирге руўхый сый да береди. Масихтың денесинде болған ҳәр бири өзиниң көз-қарасын Масихқа уқсатып ҳәм Қудайдың көмеги менен алған сыйларды басқа масихыйларға жәрдем берип өзинде барының ең жақсысының ҳәммесин туўысқанларына бериўи керек.

## АҚШАНЫ ПАЙДАЛАНЫЎ

13. Не ушын ақшаға дурыс қатнасықта болыў әҳмийетли? Тимофей 1-х 6:10.

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

14. Кейинги аятларда ақшаны пайдаланыў ҳаққында айтылады. Төменде санап шығылған темалардың ҳәр бирине дурыс силтемелерди жазың. Нақ-мақ 20:10, Нақ-мақ 22:7, Лука 12:15, Лука 16:11 ҳәм Ефес 4:28.

    Басқаларға жәрдем бериў ушын ақша ислеп табыў ______________

    Байлық жыйнаў менен байланыслы ескертиўлер ______________

    Қарыз ақшалар ______________

    Ақша сораўындағы ҳадаллық ______________

    Ақшаны керекли усылда пайдаланыў ______________

15. Коринф 2-х 9-ды оқың. Төменде санап шығылған аятлардың ҳәр бири қурбанлықтың қандай принциплери ҳаққында айтылады?

    6-аят ______________________________________

    ______________________________________

    7-аят ______________________________________

    ______________________________________

    8-аят ______________________________________

    ______________________________________

    12-аят ______________________________________

    ______________________________________

    13-аят ______________________________________

    ______________________________________

    15-аят ______________________________________

    ______________________________________

Көпшилик масихыйлар қурбанлыққа өз ўақтында жоба дүзиўдиң тәжирийбелилик ҳәм руўхый пайдалы екенине исенди. Жобаластырыў ойланбаўшылықтан, пайдасыз қурбанлықтан, деген менен бул хызмет түрине менсинбеўшиликтен қашыўға жәрдем береди. Жеке ақшамыз ҳәм ўақтымызды жумсаўға көплеген усыл бар болған ҳәзирги күнлерде, жобаластырыў сизге Қудайды өзиңиздиң мүлкиңиз бенен ҳүрметлеўге жәрдем береди.

Жобаға кейинги бөлимлер кириўи керек:

1. Сиз табысыңыздың қанша пайызын Қудайға қайтаратуғыныңызды пуқта ойланың ҳәм шешиң-бул keминде сиз енди жибермейтуғын жуқа тақтайша.

2. Бул бөлимин ақша алғаннан дәрриў сақлап қойың. Оның басқарыўына сәйкес пайдаланыў ушын оны бир бөлек сақлаң. Бул ақшаларды Қудай ушын салған болсаңыз, басқа мақсетлер ушын пайдаланбаң.
3. Оның ақшаларын Ол қалай қәлейтуғыны менен дуўа етип жумсаң. Буны өз ўақтында-ҳәр ҳәптеде ямаса ҳәр айда ислеген жақсы.

16. Марк 12:41-44-те келтирилген ҳақыйқатларды жазың.

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

Сыйлар санын ҳәм сиз Қудайға беретуғын сол бөлегин де көбейтиң, соның менен бирге Қудай сизиң исенимиңизди көбейтеди ҳәм сизди жақсы бөлекке алып барады. Егер сиз материаллық жағдайларыңызды Қудайдың қолына исенип тапсырсаңыз, онда Ол Өзиниң ўәдесине тийисли Өзиниң руўхый ғәзийнелерин сизге исенип тапсырады (Лука 16:9-12, Филип 4:17).

Өз ақшаларын Қудайға берген адам, өз күшиниң жемисин, уқыбын, ўақтын-өзин берген болады. Ким қурбанлық етпесе-Қудайға толық садық емес. Төменге өзиңиздиң қурбан етиў жобаңызды жазың.

## МЕНИҢ ҚУРБАНЛЫҚ ЖОБАМ

Мен ақшаны кимге бериўге нийет еттим: ____________________________

______________________________________________________________________

Мен олардың қаншасын бериўди нийет еттим: _______________________

______________________________________________________________________

Мен оларды қашан бериўге нийет еттим: ____________________________

______________________________________________________________________

Не ушын мен оларды бериўге нийет еттим: ____________________________

______________________________________________________________________

## ДЕНЕГЕ ҚАРАЎ

17. Коринф 1-х 6:19-20-ны оқың. Сиз ушын Мухаддес Руўхтың ибадатханасы болыў деген нени билдиреди?

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

18. Рим 12:1-ди оқың.
    а. Павел өзиңиздиң денеңизге не ислеўге шақырады?

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

    б. Не ушын?

